**Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!**


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№153 (24.435) • 2022 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 24, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru


Адыгэ макъ

**Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт**

Черкес хэку

**Ди хэкум и къалащхьэ Москва мы махуэхэм щызэхэтащ Урысей Федерацэм ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ и Къэрал советым и зэхуэс. Иджырей зэманым зи щIалэгъуэхэм ядэлэжьэным хэлъ щхьэхуэныгъэхэм щытепсэлъыхьа а зэIущIэр иригъэкIуэкIащ УФ-м и Президент Путин Владимир. Зэхуэсым и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ щаубзыхуащ къэралым щIалэгъуалэ политикэр 2030 гъэ пщIондэ зэрегъэкIуэкIыпхъэ мардэхэр. Къэрал советым хыхьэхэм нэмыщI, абы и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, ныбжьыщIэхэм я гупсысэмрэ дуней еплъыкIэмрэ нэхъри зегъэужьыным хуэгъэпса проект купщIафIэхэр зи IэрыкIхэм ящыщхэр. ЗэIущIэм и утыку щаIуэта апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэм ящыщ куэдым щыгъуазэ зыхуащIащ къэрал къулыкъущIэхэм. А еплъыкIэщIэхэм яхэтщ къэрал унафэщIыр арэзы зытехъуахэри. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ ятеухуахэр, зи щIалэгъуэхэр лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм, абыхэм я унагъуэхэм ядэIэпыкъунымрэ епхахэр, дзэ къулыкъур къезыхьэлIэу къэкIуэжахэмрэ волонтёрхэмрэ я Iуэху дэгъэкIыным ехьэлIахэр, нэгъуэщIхэри.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ*

## Къэрал гулъытэ ин щIалэгъуалэм ягъуэт

«ЩIалэгъуалэм яхуэгъэзауэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэ куэдым я щIэдзапIэщ дызыхэта Къэрал советым щаубзыхуахэр. Абы наIуэ щащIа еплъыкIэхэм щIэблэм Iэмалыщ Iэхэр къахузэIуех я щIэныгъэми зэфIэкIми хагъэхъуэнымкIэ, я зэхэщIыкIым нэхъри зрагъэужьынымкIэ. ЩIалэгъуалэм епха политикэм зыщиубгъунущ гъащIэм и унэтIыныгъэ псоми», - къыхигъэщащ ди республикэм и Iэтащхьэм, зэхуэсым тепсэлъыхьу. Апхуэдэу КIуэкIуэ Казбек къыхибелджылыкIащ къэралым и Президентым щIалэгъуалэ политикэм стратегие мыхьэнэ иIэу зэрыжиIари. Абы ипкъ иткIэ, зи щIалэгъуэхэм яхуэгъэза лэжьыгъэр зэман кIыхьым тещIыхьащи, ар гъэзэщIэным жыджэру хэтынущ нобэ щIалэгъуэ ныбжьым итхэри, лэжьыгъэ IэнатIэм пэрыувагъащIэхэри, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ зэгъэгъуэтыныр мы зэманым зи къалэн нэхъыщхьэу щытхэри.

Къыхэдгъэщынщи, ди республикэм 2022 гъэм къыщызэрагъэпэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм и нэIэм щIэту лажьэ, ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ совети КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэ щхьэхуи. Советым и пашэщ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. А зэгухьэныгъэм хагъэхьащ республикэм ис щIалэгъуалэ жыджэрхэм ящыщу цIыху 56-рэ. Ахэр я лIыкIуэщ щIыпIэ, жылагъуэ, волонтёр, дин зэгухьэныгъэхэм, ди щIыналъэм щылажьэ IуэхущIапIэ лъэрызехьэхэм.

Ди щIыналъэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэ политикэм зыщегъэужьыныр» къэрал программэр. Абы къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэным хухахыну мылъкур, илъэс блэкIам а унэтIыныгъэм трагъэкIуадэу щытам еплъытмэ, хуэди 10-кIэ нэхъыбэщ. 2023 гъэм а унэтIыныгъэм трагъэкIуэдэнущ сом мелуан 251-м щIигъу.

Къинэмыщ Iауэ, ди республикэр щытекIуащ «Зи щIалэгъуэхэм я щIыналъэ» урысейпсо зэпеуэу щIалэгъуалэ политикэм лъэныкъуэ куэдкIэ щIыпIэхэм зыщегъэужьыным хуэгъэпсауэ щытам. А текIуэныгъэм къыпэкIуа сом мелуани 146-рэ хъу грантыр хуаунэтIынущ щIалэгъуалэм епха IэнатIэхэр республикэм и жылэ псоми къыщызэгъэпэщыным. Апхуэдэу я мурадщ зи щIалэгъуэ мин 70-м щIигъу къызэщIэзыубыдэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэу 35-рэ ирагъэкIуэкIыну. Гулъытэ егъуэт щIалэгъуалэм ядэлажьэ IэщIагъэлIхэм улахуэ яхухэхынми. «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо сабий-щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм ди щIыналъэм щиIэ къудамэми иублащ и лэжьыгъэр, щIыпIэхэм къыщызэIуах абы и IэнатIэхэр.

«А псори хуэунэтIащ ди щIалэгъуалэм лъэныкъуэ куэдкIэ зауужьынымкIэ, яхэлъ жыджэрагъым нэхъри хагъэхъуэнымкIэ Iэмал псори къыхузэгъэпэщыным, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - УФ-м и Президентым Къэрал советым и зэхуэсым щIалэгъуалэм ятеухуауэ игъэува къалэнхэри аращ зытещIыхьар. Ахэр нэсу зэрыдгъэзэщIэнум шэч хэлъкъым».

## «Iуащхьэмахуэ» курортым и зыужьыныгъэр зыхуэдэнур

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергейрэ ирагъэкIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа IуэхухэмкIэ Правительствэм и комиссэм и деж «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэ комплексым зегъэужьынымкIэ къыщызэрагъэпэща лэжьакIуэ гупым я зэIущIэ. Назаров Сергей къыхигъэщхьэхукIащ туризмэм и инфраструктурэм зегъэужьынымкIэ проектхэр зэрагъэзащIэр щIагъэхуэбжьэн хуейуэ Урысейм и Президент Путин Владимир къызэригъэувар.**



«КАВКАЗ.РФ» зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Юмшанов Андрей утыку кърихьащ 2025 гъэм нэсыху «Iуащхьэмахуэ» курортым зегъэужьынымкIэ концепцэр. «Абы ипкъ иткIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ дунейпсо мыхьэнэ зиIэ курорт хъунущ. Иджырей комплексым архитектурэ теплъэ тэмэм иIэн хуейщ», - жиIащ Назаров Сергей. ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ УФ-м и Правительствэм, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм, УФ-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ и министерствэм, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым, Къэрал мылъкумкIэ федеральнэ агентствэм, Росреестрым, Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым, КъБР-м я хабзэхъумэ органхэм, «Россети» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам, «Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркым я лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэм хэтахэр арэзы техъуащ «Iуащхьэмахуэ лъапэ» экономикэ щIыналъэ хэхам зэрызиужьыну щIыкIэм. Апхуэдэу къызэхуэсахэр хэплъащ инженер, коммунальнэ, гъуэгу инфрастуктурэм зегъэужьыным, курортым зыщызыгъэпсэхухэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным пыщIа Iуэхухэм. Зэман кIэщIым къриубыдэу мы щIыналъэм щащIынущ цIыху 3900-м Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэну IуэхущIапIэхэр. 2025 гъэм и кIэм нэсыху лыжэкIэ къыщажыхь гъуэгухэр хуэдитIкIэ нэхъыбэ хъунущ, щIэуэ кIапсэ гъуэгуу 6 яукъуэдиинущ. ЗэкIэ «Эльбрус» курортым лыжэ къэжыхьыпIэу иIэ псори километр 17 хъууэ аращ икIи абыхэм туристхэр ирашалIэ кIапсэ гъуэгуу 3-м. «Бюджет ахъшэу, апхуэдэу бюджетым щымыщ хэкIыпIэхэр зиIэ ахъшэу курортым зегъэужьыным сом мелард 43-м нэблагъэ къыхузэщIэдгъэуIуэну ди мурадщ», - жиIащ Юмшанов Андрей.

«Iуащхьэмахуэ» курортыр дунейпсо мыхьэнэ зиIэ зыгъэпсэхупIэ хъун хуейщ икIи абы республикэм и экономикэм папщIэ мыхьэнэшхуэ иIэнущ. Апхуэдэ зыужьыныгъэм и фIыгъэкIэ лэжьапIэ IэнатIэщIэу куэд къызэIуахынущ, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районми зыужьыныгъэ нэрылъагъухэр игъуэтынущ, - къигъэлъэгъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. - Ауэ курортым дунейпсо мыхьэнэ иIэ хъумэ, абы хуэфащэу Эльбрус посёлкэми зиужьын хуейщ. Иджыпсту а жылагъуэм дащIыхь сымаджэщым фэбжь зыгъуэта цIыхухэм щеIэзэ къудамэ къыщызэрагъэпэщынущ. Апхуэдэу гъэ къакIуэ посёлкэм школыщIэ къыщрагъэжьэнущ. Къуажэ щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ программэм ипкъ иткIэ 2023, 2024 гъэхэм мыбы спорт комплекс зэпэщ, щэнхабзэ унэ щаухуэнущ, уэрамхэр зэIузэпэщ ящIынущ, фэтэр куэд хъу унэхэр зэрагъэпэщыжынущ. Курортым псы фIейр къызэрыщIаш коллекторыр щаукъуэдий икIи а лэжьыгъэхэм хиубыдэу зэрахъуэкIынущ Эльбрус посёлкэм псы къызэрыкIуэ бжьамийхэр», - къигъэлъэгъуащ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм и кIэухым.



● КъБР-м и Парламентым

# Бжьыхьэ лэжьэгъуэр зэхуащIыж

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ дыгъэгъазэм и 22-м зэхуищIыжащ депутатхэм я бжьыхьэ лэжьэгъуэр. ЗэIущIэм республикэм и законопроекти 10-м щIигъу къыщащтащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2022 гъэм и мазибгъум зэрагъэзэщIам теухуауэ КъБР-м и Правительствэм игъэхьэзыра отчётым щедэIуащ, апхуэдэуи КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм зэфIагъэкIамрэ 2023 гъэм республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэр зэлэжьынумрэ щытепсэлъыхьащ.**

ДЕПУТАТХЭМ зэдэарэзыуэ даIыгъащ «КъБР-м и къэрал дамыгъэхэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 31-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектыр. КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ ДыщэкI Мадинэ къыхигъэщащ зи гугъу ящI Законым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, «Анэм и щIыхь» медалыр зыхуагъэфэща, сабиитху зыпI бзылъхугъэхэм сом мин 50 зэрыратыр. Бынихрэ нэхъыбэрэ зиIэхэр зэрагъэгушхуэ ахъшэр сабий къэс сом мини 10-кIэ нэхъыбэу ират. Къыхалъхьа законопроектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, «Анэм и щIыхь» медалыр щраткIэ, зэрахуэупсэ ахъшэм хуэдищкIэ хагъэхъуэнущ.

- Бынунагъуэшхуэхэм я пщIэр къэIэтынымрэ апхуэдэхэр гъэгушхуэнымрэ теухуауэ «Анэм и щIыхь» медалыр къыдагъэкIауэ щытащ, «КъБР-м и къэрал дамыгъэхэм я IуэхукIэ» Законым тету (2007 гъэм мазаем и 15-м). Шэч хэмылъу, анэхэм ират а дамыгъэр нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ, - жиIащ ДыщэкIым. - 2008 гъэм къыщыщIэдзауэ «Анэм и щIыхь» медалыр хуагъэфэщащ республикэм и бзылъхугъэ 365-м. Абыхэм ящыщу 41-м сабиипщIрэ нэхъыбэрэ япIащ. Фигу къэзгъэкIыжынщи, УФ-м и Президент Путин Владимир къэралым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэу иджыблагъэ къигъэлъэгъуахэм ящыщщ унагъуэмрэ сабийхэмрэ я Iуэхур ягъэкIуэтэн зэрыхуейр. Аращ КъБР-м и Iэтащхьэм мы законопроектыр къыщIыхилъхьари. Абы ипкъ иткIэ, сом мини 150-рэ иратынущ «Анэм и щIыхь» медалыр зыхуагъэфащэ, сабиитху къэзылъхуа, зыпIа анэхэм. Сабиитхум къыкIэлъыкIуэхэм сом мин 30 зырыз хущIагъунущ. Мы Iуэхур гъэзэщIэным 2022 гъэм бюджетым щыхухахащ сом мелуани 2,1-рэ, 2023 гъэм - сом мелуани 3,15-рэ.

ЗэIущIэм етIуанэ еджэгъуэмкIэ къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2023 гъэм, 2024 - 2025 гъэхэм тещIыхьауэ», «КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2023 гъэм, 2024 - 2025 гъэхэм тещIыхьауэ» КъБР-м и законхэм я проектхэр.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «КъБР-м сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытхэмрэ защIэгъэкъуэным теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 6-нэм, «КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2022 гъэм, 2023 - 2024 гъэхэм тещIыхьауэ», «КъБР-м и правовой актхэм теухуауэ», «КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ къызэрыщызэрагъэпэщым и IуэхукIэ» КъБР-м и законхэм я проектхэм.

Депутатхэм япэ еджэгъуэу къащтащ «КъБР-м юридическэ дэIэпыкъуныгъэр пщIэншэу къызэрыщызэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 2-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектыр. КъБР-м и прокурор Хабаров Николай зэрыжиIамкIэ, дэфтэрыр ягъэхьэзыращ, Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм къулыкъу щащIэну ираджахэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ юридическэ дэIэпыкъуныгъэ хуей хъумэ, пщIэншэу ядэIэпыкъуфын папщIэ.

- Урысей Федерацэм мы зэманым дзэм ираджэжыныр зэрыщекIуэкIам къыхэкIыу, куэдым я хуитыныгъэхэр зыхуэдэмрэ я къалэнхэмрэ къагурыгъэIуэн хуей хъуащ. Апхуэдэу республикэм и прокуратурэм и IэнатIэхэм цIыху 34-м зыкъыхуагъэзащ хабзэм къигъэувхэр зрагъэщIэну хуейуэ, - жиIащ прокурорым. - Законопроектым къыщыдгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэгъэзар зи гугъу тщIы цIыхухэм я гугъуехьхэм теухуауэ пщIэншэу чэнджэщ гуэрхэр зэрыратынырщ. Къищынэмыщlауэ, тхьэусыхафэхэр, зэрызыхуагъазэ тхыгъэхэр, нэгъуэщI дэфтэрхэри зэрагъэхьэзырыпхъэмкIэ ядэIэпыкъунущ.

2022 гъэм КъБР-м и Парламентыр зэлэжьахэм адэкIэ тепсэлъыхьащ Егоровэ Татьянэ. Абы къыхигъэщащ илъэсыр IуэхугъуэшхуэхэмкIэ гъэнщIауэ зэрыщытар, къапщтэмэ, къэралми дуней псоми я жылагъуэ, политикэ, социально-экономикэ Iуэхухэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрагъуэтар.

- Мы махуэхэм Урысейм щыпсэухэм я гупсысэри гулъытэри зыхуэунэтIар Украинэм щекIуэкI Iуэхухэрщ. Урысейм и мурадыр зыщ - ди къэралым и шынагъуэншагъэр ихъумэнырщ. Къэралым и Президентым и Iуэху бгъэдыхьэкIэр, шэч хэмылъу, КъБР-м и Парламентым и депутатхэми даIыгъащ, - къыхигъэщащ Егоровэм. - 2022 гъэм ди республикэм мыхьэнэшхуэ зиIа Iуэхугъуэ куэд щекIуэкIащ. Нэхъыщхьэ дыдэр Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъуар дгъэлъапIэнырт. УФ-м и Президент Путин Владимир и хъуэхъум къыхигъэщат мы Iуэхум и мыхьэнэр щIыналъэм щыпсэухэм я мызакъуэу, къэрал псом дежкIи зэрыиныр. Гугъуехьхэм емылъытауэ, нобэ жытIэфынущ республикэм и социально-экономикэ щытыкIэр зэрызэпIэзэрытыр, унагъуэ хуэмыщIахэм, бынунагъуэшхуэхэм ядэIэпыкъуныр и чэзум къызэрызэдгъэпэщыр. Ар и фIыгъэщ КъБР-м и Iэтащхьэр, Правительствэр, Парламентыр зэрызэдэлажьэм. Къыхэзгъэщынщи, мы гъэм ди IуэхущIапIэм пленарнэ зэIущIэу 11 щедгъэкIуэкIащ, абыхэм норматив хабзэу 78-рэ къыщытщтащ. Республикэ закон 14-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэтлъхьащ, тIум къару ямыIэжу къэтлъытащ. ЩIыналъэм и зыужьыныгъэр елъытащ бюджетыр зэрызэхагъэувэми. Дэ дяпэкIи дыхущIэкъунущ дэфтэрыр цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI зэрыхъунумрэ улахуэм хэгъэхъуэнымрэ хуэгъэзауэ тщIыным.

Депутатхэм КъБР-м и Парламентым и бжьыхьэ лэжьэгъуэр, зэрыхабзэу, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнхэмкIэ зэхуащIыжащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



● КъБР-м и Правительствэм

# КъыхалъхьахэмкIэ арэзыщ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ зи чэзу зэIущIэ. Абы къыщащтащ 2023 гъэм зи налогыр кадастр уасэм тещIыхьауэ щытыну бгъэIэпхъуэ мыхъу мылъкум теухуауэ Правительствэм къыхилъхьа проектыр. ДызыхуэкIуэ илъэсым абы хабжащ объекти 1106-рэ.**

КъБР-м ФинансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ** къигъэлъэгъуащ «Муниципальнэ лэжьэкIэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм щытекIуахэм теухуа проектыр. Мы гъэм зэпеуэм къыщыхэжаныкIащ Бахъсэн къалэмрэ Кременчук-Константиновскэ къуажэмрэ.

- Зэпеуэм «Муниципалитетхэм щыпсэухэм зэрадэлажьэ щIыкIэр гъэбыдэн» и Iыхьэм Бахъсэн къалэр пхыкIащ, Урысейм и щIыналъэ 64-м щыщу хэта къалэ, къуажэ 277-м япэ ищри. Абы къиихьащ ахъшэу сом мелуани 9. Кременчук-Константиновскэ къуажэр пхыкIащ «Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIахэм я зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэн» Iыхьэм. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэ 71-м щыщ къуажэрэ къалэу 303-рэ. Кременчук-Константиновскэм къиихьащ сом мелуани 6,3-рэ. Абыхэм къалэжьа ахъшэр республикэм и бюджетым къыхэтхыу муниципалитетхэм яхуедгъэхьын хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм и хъумакIуэ службэм связь хэхамрэ хъыбарыщIэхэмкIэ и центрым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и къудамэмрэ зэгурыIуэныгъэ зэраухылIащ хъыбарегъащIэ IуэхумкIэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим** тепсэлъыхьащ «Псы къабзэ» программэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм. Ахэр тещIыхьащ КъБР-м псы кIэнауэхэр 2023 - 2024 гъэхэм щыухуэным хуагъэбелджылауэ щыта мылъкур 2022 гъэм къызэрагъэIэпхъуам. КIэнауэхэр къагъэсэбэпын щыщIадзэну пIалъэр 2023 гъэм ягъэIэпхъуэж.

КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ къыхэхъуэ мылъкум кIэлъыплъымрэ зэзыгъэзахуэмрэ теухуауэ зэхъуэкIыныгъэхэр зэраIэнур жиIащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам**.

Министрым къигъэлъэгъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гу-лъынтхуэ узыфэхэм пэщIэтынымкIэ» и щIыналъэ программэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэри. Программэм хагъэхьэнущ гу-лъынтхуэ узыфэр зиIэхэу диспансерхэм зыщыкIэлъыплъа сымаджэхэу илъэс 18 хъухэмрэ нэхъыжьхэмрэ.

«Культурная среда» лъэпкъ проектым республикэм и мылъкум щыщ субсидие зэрыхалъхьэнум тепсэлъыхьащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Борыкъуей Анзор** къэпсэлъащ республикэм и еджапIэхэм егъэджэныгъэ-къэхутэныгъэ, щIэныгъэ, физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ я Iуэхухэр нэхъыфI хъун папщIэ зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и проектым. Абы папщIэ «Егъэджэныгъэм зегъэужьын» федеральнэ программэм тету УФ-м и бюджетым къыхэкIыу ди республикэм къратунущ 2023, 2024 гъэхэм къигъэсэбэпыну мылъкур.

КъБР-м спортымкIэ и министр **Хьэсанэ Ислъам** тепсэлъыхьащ иджырей пятиборьем зыщыхуагъэсэну спорт IуэхущIапIэ республикэм дызыхуэкIуэ илъэсым къызэрыщызэрагъэпэщынум. Абы текIуэдэнущ сом мелуан 61-рэ сом мин 700-рэ.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Амщокъуэ ФатIимэт**, «КъБР-м и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я союзым» и лэжьакIуэхэм я щIыналъэ зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ унафэщI **Мэшыкъуэ Хьэсэнбий** сымэ Iэ щIадзащ 2023 - 2025 гъэхэм тещIыхьауэ «КъБР-м нэхъ мащIэ дыдэу щатыну улахуэм» теухуауэ лъэныкъуищкIэ зэраухылIа зэгурыIуэныгъэм.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● Мэкъумэш

# Iэщ гъэхъуным зыщIагъакъуэ

**Iэщ гъэхъуным елэжьхэм 2023 гъэм и щIышылэ мазэм къыщыщIэдзауэ иратынущ субсидиехэр, IэнатIэм текIуадэ мылъкум щыщ Iыхьэм пагъэкIуэжу. Апхуэдэ унафэ къищтащ УФ-м и Правительствэм и Iэтащхьэ Мишустин Михаил.**

АПХУЭДЭ дэIэпыкъуныгъэм сом мелуан 600-м нэблагъэ зэрыхухахам теухуа хъыбарыр УФ-м и Правительствэм и сайтым къралъхьащ. КъищынэмыщIауэ, 2023 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ мэкъумэшыщIэхэм грантхэр зэрыратынум и гугъу щещI а сайтым.

Грантхэр нэхъыбэу зыхуэгъэзауэ щытынур уней фермэхэмрэ мэкъумэш кооперативхэмрэщ. Нэхъапэхэм сом мелуанищ зыхуаутIыпщца мэкъумэшыщIэм зы лэжьакIуэ къищтэн хуейуэ щытащ. Иджы сом мелуанипщI къэс зы лэжьакIуэ хуагъэувыу аращ.

ЗэрыдэIэпыкъу грантхэу фермер хозяйствэхэм сом мелуан 30-м нэблагъэ, мэкъумэш кооперативхэм сом мелуан 70-м нэс къыхахыфынущ. Гъэ дызытехьэм къыщыщIэдзауэ унагъуэ фермэ зиIэхэм Iэмал яIэщ къыхуаутIыпщыну субсидиехэр зытелэжьыхьыну щIы къэщэхуэнми къыхуагъэсэбэпыну.

Къыхалъхьа Iуэхугъуэхэр щхьэпэ хъунущ къэралым и мэкъумэш хозяйствэм зауэжьымкIэ, лэжьапIэ IэнатIэкIэ ди цIыхухэр къызэгъэпэщынымкIэ.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**



# Ди япэ илъэсищцэр

**2022 гъэм жылагъуэ гъащІэм нэхъ гукъинэж дыдэу сыт къыщцыхъуар жытІэу дызэупщІыжмэ, ар Къэбэрдей-Балъкъэр республикэр илъэси 100 зэрырикъуарщ. Апхуэдэ махуэшхуэ нэхъ пасэми щагъэлъэпІа къыщІэкІынщ ди щІыналъэм, ауэ дэ мыпхуэдэ дауэдапщэхэм дызэрыхиубыдар япэ дыдэущ.**

ИЛЪЭСЫМ и кІыхьагъкІэ дэ Іэмал диІащ ди Хэкум къикІуа гъуэгуанэр фэеплъкІи, сурэткІи, гукъэкІыж къудейкІи къэтпщытэжыну. ИтІани, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ щытлъэгъуа щапхъэхэр жыжьэу къызэринэкІащ Кремль Сэреишхуэм и хьэщІэщым адыгэхэр, балъкъэрхэр, къэрэшейхэр дыщыпсэу республикищыр илъэси 100 зэрырикъуар зы махуэм зэрыщагъэлъэпІар. ЗэрымыщІэкІэ къэхъуа Іуэхуу щытми, ди гуапэ хъуащ УФ-м и Президент Путин Владимир щІыналъищым я лІыкІуэхэм я пащхьэ къыщихьа махуэр илъэс зыбжанэ хъуауэ фокІадэм и 20-м ягъэлъапІэ Адыгэхэм я махуэм зэрырихьэлІари.

«ПщІэ зыхуэсщІ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу цІыхухэ! - закъыхуигъэзащ Президентым зэІущІэм ирихьэлІахэм. - Фи республикэхэр илъэси 100 зэрырикъум ехьэлІа махуэшхуэмкІэ гурэ псэкІэ сынывохъуэхъу! Ар зи махуэ лъапІэр фи закъуэкъым, Урысей псом къывдегуэш фи гуфІэгъуэр! 1922 гъэм автономиехэр къызэрыунэхуар зы гъуэгум тет, зы плъапІэ зиІэ, жэуаплыныгъэрэ хэкупсэ гурыщІыкІэ псоми ди зэхуэдэ Хэкушхуэм бгъэдэт щІыналъищым я дежкІэ лъэбакъуэ щхьэпэт. Абы кърикІуа илъэсхэм къагъэлъэгъуащ а лъэбакъуэр ди пэ итахэм губзыгъэу яча, Адыгейри, Къэбэрдей-Балъкъэрри, Къэрэшей-Шэрджэсри фІым хуэзыунэтІа унафэ жыжьэрыплъэу къащтауэ зэрыщытар».

«Автономие къызэрызэрагъэпэщар ди щІыналъэхэм я гъащІэм фІыкІэ къыхэІэба Іуэхут, - щыжиІащ КъБР-м и УнафэщІ КІуэкІуэ Казбек и къэпсэлъэныгъэм. - Абы и фІыгъэкІэ дэ къэгъазэ зимыІэж зыужьыныгъэм и гъуэгум дытеувэри, ди хабзэри, ди бзэри, ди динри тхъумэжыну Іэмал дгъуэтащ. БлэкІа илъэсищэр ди республикэхэм я щІэрэщІэгъуэу пхужыІэнущ, дэтхэнэ зыми экономикэм, щэнхабзэм, цІыхубэ гъащІэм лъэбакъуэ абрагъуэ щичауэ».

Адыгэхэм, балъкъэрхэм, къэрэшейхэм я щэнхабзэр уи нэгу къыщІэзыгъэувэ гъэлъэгъуэныгъэхэр я гупэ къиту, дэтхэнэ хэгъэгуми къикІа цІыху цІэрыІуэхэмрэ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэмрэ ягъэбжьыфІащ Кремль Сэреишхуэр а махуэм. Тхыдэм дриплъэжыну Іэмал къызэрыдитам нэмыщІ, утыку кърашэ щІыналъищым я зэхуакум зэкъуэшыныгъэ зэрыдэлъыр наІуэу мы гуфІэгъуэр зэрагъэлъэпІам къыкІэлъыкІуэ илъэсищэр куэдкІэ нэхъыфІыну гугъэшхуэ къыдет.

**ЧЭРИМ Мариннэ.**

# Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 24,** *щэбэт*

♦**Урысейм и Дзэ щІыхьым и махуэщ**

♦**1839 гъэм** къалъхуащ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и маршал, Кавказым и тхыдэм теухуа лэжьыгъэ куэд къытрезыгъэдза **Бэрзэдж Зеки-пэщэ**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ техникэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ЕхъулІэ Мартин**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор **Къэзанш Хьэлимэт**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщІэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Лъхукъуэщауэ Хьэбас**.

♦**1960 гъэм** къалъхуащ сабий дохутыр, «Урысейм и дохутыр нэхъыфІ» цІэ лъапІэр 2013 гъэм зыхуагъэфэща **Чым Мадинэ**.

♦**1975 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **КІэхумахуэ ФатІимэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 6, жэщым щІыІэр градуси 2 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 25,** *тхьэмахуэ*

♦**1914 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛІыхъужь **Къанкъуэщ Ахьмэдхъан**.

♦**1919 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛІыхъужь **Байсултанов Алим**.

♦**1919 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛІыхъужь **Яхэгуауэ Михаил**.

♦**1923 гъэм** къалъхуащ композитор, КъБАССР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Балэ Мухьэдин**.

♦**1926 гъэм** къалъхуащ сабий дохутыр цІэрыІуэ, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, Кубаным щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бжьахъуэ Чэрим**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ усакІуэ, литературэдж, критик, щІэныгъэлІ **Сокъур Мусэрбий**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ тхакІуэ, журналист, «Ленин гъуэгу» газетым и къудамэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа **Щхьэумэжь БетІал**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Совет Союзым и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Дэгужий Виталий**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакІуэ, тхакІуэ **КІэщт Мухьэз**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 6, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 26,** *блыщхьэ*

♦**Урысейм и ПВО-м хыхьэ Лъэсыдзэхэм я махуэщ**

♦**1991 гъэм** СССР-р зэрыщымыІэжымкІэ декларацэр къащтащ.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ дирижёр, КъБАССР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мыз Борис**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Шыгъу пут зэдумышхыу узэрыщІэркъым.**

● **ДифІ догъэлъапІэ**

# Залымджэрий и лъагъуэ дахэр



**ХахуагъэкІэ, лІыгъэкІэ, акъылкІэ, хабзэ екІукІэ уей-уей жригъэІэу лъэхъэнэжьым къыхэтэджыкІа адыгэ лъэпкъым хуэфэщэн щІэблэ къызэрыщІэувэм уимыгъэгушхуэу, уимыгъэгуфІэу къанэркъым. Тхыдэмрэ ІуэрыІуатэмрэ нобэм къахьэсыжащ хэкурыс лІыхъужьхэм я цІэ лъагэхэр, хамэ щІыналъэхэм вагъуэу щылыда мамлюкхэр, Черкасскэхэр.**

АДЫГЭ щІэблэ дахэм фІыкІэ къыхэжаныкІауэ, щІэныгъэм и лъагъуэм тету лъэпкъыцІэр зыІэтхэм ящыщщ КъБР-м и Аруан щІыналъэм хыхьэ Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм щыщ Джэдгъэф Залымджэрий. Абы ныбжьышхуэ имыІэми, Урысей Федерацэми къэрал щІыбми и цІэр щигъэІуну, еджагъэшхуэхэр къигъэуІэбжьыну хунэсакІэщ.

Нарткъалэ и курыт еджапІэ №2-м щІэсыху зы къалэ, щІыналъэ, республикэпсо зэпеуэ блимыгъэкІыу хэтащ ар, зыхэта псоми япэ увыпІэхэр щиубыду. А лъэхъэнэм зригъэгъуэта ехъулІэныгъэхэмрэ ЕГЭ-мкІэ къихьа бжыгъэ лъагэхэмрэ я фІыгъэкІэ, ди щІыналъэм къыбгъэдэкІыу УФ-м и Президентым деж щыІэ Финанс университетым щІагъэтІысхьэну Джэдгъэфыр ягъэлъэгъуащ 2018 гъэм. Апхуэдэу щІалэм и хъуэпсапІэр нахуапІэ хъуащ - ар щІэтІысхьащ еджапІэ нэхъыщхьэм. Залымджэрий хиша лъагъуэм емыпцІыжу и еджэныгъэм къыпищащ икІи зэпеуэ, конференц зэхуэмыдэхэм хыхьэмэ, бжьыпэр иІыгъыу, япэ увыпІэхэр кърихьэлІэурэ, Урысейм къыщацІыхуащ.

2021 гъэм Сочэ къалэм щекІуэкІа Финанс шынагъуэншагъэмкІэ япэ дунейпсо олимпиадэм Джэдгъэфым япэ увыпІэр къыщихьри, бакалавриатыр къызэриухыу, магистратурэм зэрыщІэтІысхьэфыну Іэмалыр къиихьащ. А зэпеуэм хэтащ Белоруссием, Къэзахъстаным, Къыргъызым, Урысейм, Таджикистаным, Тыркуменистаным, Узбекистаным щыщ ныбжьыщІэ 300-м щІигъу. А псоми ефІэкІат ди щІалэр.

Къыхэгъэщыпхъэщи, университетыр къэзыухахэр 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м Кремлым ирагъэблэгъат. А пшыхьым цІыхуибгъум я цІэ къыщыхагъэщхьэхукІат, я ехъулІэныгъэмрэ еджэкІэмкІэ щапхъэу къахьу. Абыхэм яхэтащ Джэдгъэфри - Залымджэрий къыхуагъэфэщащ «Студент нэхъыфІ дыдэ» цІэ лъапІэр икІи абы и дипломыр къритыжащ УФ-м и Казначействэм и унафэщІ Артюхин Роман.

- ЩІэныгъэр псом нэхъыщхьэу зэрыщытым сыщІапІыкІащ. Си адэшхуэ-анэшхуэхэм (си адэ и лъэныкъуэкІи анэшымкІи) зэпымычу, къытрагъэзэжурэ жаІэрт фІыуэ еджэн зэрыхуейр, щІэныгъэ зыбгъэдэлъыр зэрылъэщыр. Курыт еджапІэм сыщыщІэсым си адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ къысщхьэщыту унэ лэжьыгъэхэр сагъэщІыжырт, си адэ-анэр лэжьапІэм къикІыжа нэужь сщІыжа лэжьыгъэхэм ириплъэжырти, щыуагъэ къыхэкІамэ, зэдгъэзэхуэжырт. Гъэмахуэ мазищым зыгъэпсэхугъуэ жыхуаІэр сымыщІэу, адыгэбзэкІи урысыбзэкІи тхылъ седжэрт, къистхыкІырт. Япэ классым щыщІэдзауэ, школыр къэзухыху апхуэдэу щытащ. Уеблэмэ гъэбагъуэ таблицэр гукІэ сщІэуэ етІуанэ классым сыщІэтІысхьэжат. Си нэхъыжьхэр куэдкІэ къысщогугъ, ахэр згъэщІэхъу хъунукъым, сэри еджэныр сфІэфІщи, а лъагъуэм сытемыкІыу сытетщ. Сочэ щекІуэкІауэ щыта дунейпсо олимпиадэм япэ увыпІэр къызэрыщысхьам и фІыгъэкІэ, магистратурэм сыщІэхуащ. КъищынэмыщІауэ, Къэрал Казначействэм лэжьапІэ щысхуагъэлъэгъуащ, УФ-м и Президентым деж щыІэ Финанс университетым лаборант-къэхутакІуэу сыщолажьэ, - жеІэ Залымджэрий.

Университетым и Студентхэм я щІэныгъэ зэгухьэныгъэм и нэхъыщхьэу щыта адыгэ щІалэр Финанс университетым и ЩІэныгъэ Советым хэтщ, иджыблагъэ ар хагъэхьащ Къэрал Думэм деж щыІэ ЩІалэгъуалэ Парламентым щІэныгъэмрэ еджэныгъэмкІэ и комиссэм и лэжьакІуэ гупым. КъищынэмыщІауэ, магистрантхэм ящыщу щІэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІахэр зэрагъэлъапІэ саугъэт нэхъыщхьэр къыхуагъэфэщащ Джэдгъэфым - УФ-м и Президентым и грантыр кърατащ.

Залымджэрий лэжьыгъэр и куэдщ. И хъуэпсапІэхэмрэ гурылъхэмрэ нэхъыбэжщ. Лэжьыгъэмрэ щІэныгъэмрэ зэдихьыну и мурадщи, и узыншагъэр быдэу, и гъуэгур нэхурэ зэІухауэ псэуну дохъуэхъу.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Мамырныгъэм инэпэеплъэу



**Щынэ зымышIэрэ Лащын, нарт лIыхъужъэу Саусэрыкъо, Синдхэм япачъыхьэу Гекатей, ащ ишъхьэгъусэу Тыргъэтао, бзылъфыгъэ-дзэкIолIэу, пачъыхьэ гуащэу Риневус яшъуашэхэр зэлъашIэрэ IэпэIасэу СтIашъу Юрэ иколлекцие хэтых. Мыхэм анахьэу непэ ягугъу къэтшIынэу зыкIэхъурэр - дзэкIолI шъуашэхэшъ ары.**

ЛIЫГЪЭРЭ псэемыблэжьыныгъэрэ къахэщы, зыщызылъэрэр орэхъулъфыгъ, орэбзылъфыгъ, ищыIэныгъэ шъыпкъагъэм, зэфэныгъэм, мамырныгъэр къэухъумэгъэным пэIуигъэхьанэу хьазыр. Ары мыхэм тарихъэу апылъри.

СурэтышI пэпчъ ежь зыщыщ цIыф лъэпкъым ыпашъхьэ пшъэдэкIыжь ин ехьы. СтIашъу Юрэ ар ыгукIи, ыпсэкIи зэхишIэзэ итворческэ лъагъо рыкIуагъ. Ащ иIэшIагъэхэм осэ ин къафашIыгъ Д. Лихачевым ыцIэ зыхьырэ институтэу лъэпкъ КIэным дэлажьэрэм иIофышIэхэм. IэпэIасэм къыфатхыгъэ рэзэныгъэ тхылъым мыщ фэдэу къыщеIо: «Узщыщ лъэпкъым, къэралыгъом, зэрэдунаеуи тштагъэми, шIулъэгъуныгъэ зэрафыуиIэм уиIэшIагъэхэр яшыхьат. Уишъуашэхэм гупшысэ къабзэр ахэлъ. Лъэпкъ шэн-хабзэр ахэолъэгъукIы. Кавказыр, адыгэ ыкIи нэмыкI цIыф лъэпкъыбэу тикъэралыгъо щыпсэухэрэр къыпфэрэзэнхэ фае, ущ фэдэ IэшIагъэхэмкIэ лъэпкъ зэхашIэр зэрэбгъэбаирэм, дунаим дэхагъэр, мамырныгъэр, зэгурыIоныгъэр зэрапхырыпщырэм апае».

Шъыпкъэр пIощтмэ, IэпэIасэм лъэпкъ культурэм иобразхэмрэ исюжетхэмрэ итворчествэ бэу щегъэфедэх. ИшъуашэхэмкIэ дунаим тет цIыфхэм адэгущыIэ. Юрэ анахьэу мэхьанэ зэритырэр ахэм ятеплъэ изакъоп. ЦIыф лъэпкъым итарихъ зэщызгъакъорэ кIочIэ бзаджэм зэрэфырикъущтым ицыхьэ телъэу, ащ пэуцунэу щыIэ амалхэр иIэшIагъэхэмкIэ къегъэлъагъох. Адыгэ лъэпкъ шъуашэу ышIыхэрэм зэкIэми лъэпкъым къырыкIогъэ гъогур ахэолъэгъукIы. Философие гупшысэ куу ахэлъ. Лъэхъанымрэ лIэужхэмрэ зэрепхых, ахэр зэрэзэдэлажьэхэрэр, гущыIэгъу зэрэзэфэхъухэрэр къегъэлъагъо, шъхьафитхэу, щынэр амышIэу непэрэ дунаим хегъахьэх, лъэубэкъу пытэхэр арегъэдзых.

СтIашъу Юрэ ищыIэныгъэкIи итворчествэкIи къызфаджэрэр зы - лъэпкъхэм культурнэ зэфэшъошэ еплъыкIэхэр зэфряIэныр, ялъэпкъ кIэн къаухъумэныр, мамырзехьэ хъунхэр ары. Лъэпкъ пэпчъ зыми хэмыкIокIэрэ нэшэнэ гъэнэфагъэу хэлъхэр къызэтрагъэнэжьынхэу дунаим тет цIыф пстэуми ар къяджэ.

СтIашъу Юрэ итворчествэ нэIуасэ фэхъухэрэм гуетыныгъэ къахелъхьэ, щыIэныгъэм дэхагъэу хэлъыр нахь зэхарегъашIэ. Ащ иIофшIагъэхэм дунэе, къэралыгъо ыкIи шъолъыр къэгъэлъэгъуапIэхэр къагъэкIэрэкIагъ. Модельер IэпэIасэм ишъуашэхэм къэралыгъо зэфэшъхьафыбэхэм ягъунапкъэхэр зэпачыгъэх. Ежь Темыр-Кавказ къутамэм чIэт къэгъэлъэгъонэу Юрэ иIэшIагъэхэр зыхахьэрэр сыдигъокIи зэIухыгъ.

«Джырэблагъэ дзэм къулыкъу щызыхьынэу щыт кIэлакIэхэр, нэбгырэ 20 фэдиз хъухэу, Краснодар къыращыхи музеим къащэгъагъэх. Сигуапэу ахэм сиIэшIагъэхэр язгъэлъэгъугъ. ДзэкIолI шъуашэхэу коллекцием хэтхэм сынаIэ атезгъэтыгъ, ясщэлIагъэх. КIэухым «ТекIоныгъэм исаугъэт» зыфиIорэ адыгъэ шъошэ плъыжьэу бзыу тамэхэр зыпытыр язгъэлъэгъугъ. Имэхьанэ анэзгъэсыгъ. Тыдрэ лъэныкъуи щыIэ заохэр уцужьынхэшъ, мамыр щыIакIэр дунаим тетынэу зэрэщытыр ситворчествэ сатыр плъыжьэу зэрэпхырысщырэр къафэсIотагъ. Пачъыхьэ гуащэу Риневус идзэкIолI шъуашэ мэхьэнэ шъыпкъэу иIэр аужырэ хьарыфыкIэ къебгъэжьэнышъ, укъызэкIакIозэ укъеджэщт. Ар - «Сувенир»! Джары дзжэкIолI шъуашэр дунаим зэрэтетынэу щытыр сувенир къодыеу ары!» - къеIуатэ СтIашъу Юрэ. IэпэIасэм ифилософие дзэкIолI шъуашэм къыпкъырэкIышъ, зэрэ дунаеу мамырныгъэм фещэ! «ИлъэсыкIэу къихьащтым тыдрэ чIыпIи щымамырынэу Тхьэм телъэIу, ащ фэдэухъунымсыщэгугъы!»-СтIашъу Юрэ итхьэлъэIу тэри детэгъаштэ.

**ТЭУ Замир.**

# Миллион зырыз къахьыгъ



**Урысые студенческэ форумэу «Твой Ход-2022» зыфиIорэм изэфэхьысыжьхэр къэнэфагъэх. ТекIоныгъэ къыдэзыхыгъэхэм Адыгэ къэралыгъо университетым истудентикищ ахэфагъ.**

ТЫГЪЭГЪАЗЭМ и 11-м къыщегъэжьагъэу и 16-м нэс форумыр кIуагъэ. Урысыем ишъолъырхэм зэкIэми ялIыкIохэр, бэмышIэу къахэхьажьыгъэ ДНР-м ыкIи ЛНР-м къарыкIыгъэ ныбжьыкIэхэри ахэтхэу, форумым хэлэжьагъэх, яшIэныгъэхэр къыщагъэлъэгъуагъ.

Студент сообществэр зэрэзэдэлэжьэщтым, ныбжьыкIэ политикэм хэхъоныгъэхэр зэриIэщтым тегущыIагъэх. Джащ фэдэу IофшIэн зэгъэгъотыным ыкIи амалэу яIэхэм ахэгъэхъогъэным епхыгъэ Iофыгъохэри къаIэтыгъэх. Университетым гъэхъагъэу щашIыхэрэр, проектэу Iоф зыдашIэхэрэр къаIотагъэх. Форумым къыдыхэлъытагъэу нэбгырэ мини 5-м ехъу зэдэгущыIэгъухэм, зэIукIэгъухэм ыкIи коворкингхэм ахэлэжьагъэх. Ялэгъухэм нэIуасэ афэхъугъэх, яшIэныгъэхэм ахагъэхъуагъ.

АдыгеимкIэ апшъэрэ еджэпIитIумэ ястудент анахь дэгъухэр форумым хэлэжьагъэх. Адыгэ къэралыгъо университетым истудентхэхэу яплIэнэрэ курсым щеджэрэ Анжелика Цимцба, СтIашъу Данэ (научнэ-гъэсэныгъэ кластерэу «Институт качества жизни») ыкIи Селимова Фатимэ (научнэ-гъэсэныгъэ кластерэу «Институт гуманитарного знания и культуры» зыфиIорэмкIэ) текIоныгъэ къыдахыгъ ыкIи миллион зырыз къафагъэшъошагъ.

«Россия - страна возможностей» зыфиIорэ платформэм къыдыхэлъытагъэу, хабзэ зэрэхъугъэу, урысые студенческэ зэнэкъокъур зэхащэ. Шъугу къэдгъэкIыжьын, гъэрекIо зэнэкъокъум текIоныгъэ къыщыдэзыхыгъагъэр Мыекъопэ къэралыгъо университетым истудентэу Павел Дорошенкэр ары.

**ДЕЛЭКЪО Анет.**



# ЯчIыгу гупсэ ижъогъобын

**Къэрэщэе-Щэрджэсым и Къэралыго филармоние иартистхэм япчыхьэзэхахьэ гъэшIэгъонэу Мыекъуапэ щыкIуагъ.**

ЗЭХАХЬЭР зезыщагъэхэ артистхэу Алият Нурлубаевамрэ Мыкъо Анжелэрэ зэгурыIоныгъэ ахэлъэу мы республикэм лъэпкъыбэ зэрэщыпсэурэр къаIотагъ. Къэралыгъо гъэпсыкIэ иIэу Къэрэщэе-Щэрджэсыр зыщыIэр илъэси 100 зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэ концертэу «СичIыгу гупсэ ижъогъобын мэкъамэхэр» зыфиIорэм артистхэм орэдыбэ къыщаIуагъ, лъэпкъ къашъохэр къыщашIыгъэх.

- Тиреспубликэ изыкIыныгъэкIэ лъэшы хъугъэ, Урысыем ис лъэпкъхэм зэпхыныгъэу адытиIэр щыIэныгъэм щытэгъэпытэ. ТиорэдкIэ, тикъашъокIэ тыкъышъулъэIэсы, шъудгъэгушIо тшIоигъу, - къытиIуагъ концертыр зезыщэгъэ Мыкъо Анжелэ.

Къэрэщэе-Щэрджэсым изаслуженнэ артисткэу Акъбай Лаурэ «Мыр си Кавказ» зыфиIорэ орэдыр къызыхедзэм, республикэм ичIыопс, икъушъхьэхэр зэрэдахэхэр нэгум къыкIигъэуцуагъэх.

Филармонием къашъохэмкIэ итеатрэ иартистхэу Лилия Дарчиевам, Азамат Ионовым, Арсен Джандубаевым, Бэчыжъ Жаннэ, Алина Тарасуновам, Заур Кмышевым «Къашъо» зыфиIорэ лъэпкъ къашъор къашIыгъ. Артистхэр дахэу уджыгъэх. Пэсэрэ лъэхъаным гукIэ ухащэзэ, лъэпкъ шэн-хабзэхэр къагъэлъэгъуагъэх.

Оркестрэм къыригъэIогъэ лъэпкъ мэкъамэхэр гум «щэчэрэгъух». Бэрэ зэхэтхырэ орэдышъохэм гур аIэты. Къашъоу «Минги-Таур» артистхэу Адэжь Анжелэ, Арсен Джандубаевым, Хьаджымэ Исмахьилэ къыхадзагъ. Лъэпкъхэр зэфэзыщэхэрэ къашъохэр, «Пшъэшъэ уджыр», «Нохчо» зыфиIорэр, фэшъхьафхэри артистхэм къашIыгъэх.

Азамат Ионовым «ЛъэпэчIасэр» гум рихьэу къыгъэлъэгъуагъ. Дахэу къэшъо, къамэхэр фэIэпэIасэу джэхашъом хесэх.

## Орэдыр, къашъор

Мыкъо Анжелэ, Алият Нурлубаевам, Думанышъ Лианэ, нэмыкIхэм лъэпкъ, шIулъэгъу орэдхэр къаIуагъэх. Жэнэ Къырымызэрэ Сэмэгу Гощнагъорэ зэдаусыгъэ лъэпкъ орэдэу «Адыгэхэм яхабзэ джащ фэд» зыфиIорэр залым чIэсхэм агу рихьыгъэ къодыеп, ащ дежъыугъэх.

Ижъырэ адыгэ къашъоу «Ислъамыер» Анна Кочкаровамрэ Азамат Ионовымрэ къызэдашIыгъ. Адыгеим иансамблэхэу «Налмэсым», «Ислъамыем», «Синдикэм», «Абрекхэм», «Мыекъуапэ инэфылъэхэм». нэмыкIхэм къашъоу «Ислъамыем» екIолIэкIэ зэфэшъхьафхэр фашIы. Къэрэщэе-Щэрджэсым иартистхэми къашъом шIыкIэшIу къыфагъотыгъ. «Ислъамыер» узыIэпищэу къызэрашIырэр къыхэдгъэщы тшIоигъу.

## Псэ къыпегъакIэ

Къэрэщэе-Щэрджэсым изаслуженнэ артисткэу Мыкъо Анжелэ орэдэу къыIорэм псэ къыпегъакIэ. Артист нэшанэхэр фэIэпэIасэу егъэфедэх, орэдым хэлъ гупшысэр къыплъегъэIэсы, нэгушIоу пчэгум щэуджы. «Кавказ ытамэхэр» зыфиIорэ орэдыр А. Мыкъом къызыхедзэм, лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ Кавказ шъолъырым идэхагъэ, ицIыф гъэшIэгъонхэр нэгум къыкIигъэуцуагъэх.

Хэгъэгум игушъхьэ кIуачIэ фэгъэхьыгъэ къашъор Аджый Анжелэ, Арсен Джандубаевам, Къуныжъ Тимур, Хьаджымэ Исмахьилэ, нэмыкIхэм къашIыгъ. МэфэкI зэхахьэм диштэу къашъор къагъэлъэгъуагъ.

Къэрэщэе-Щэрджэсым иартистхэм тагъэгушIуагъ. Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо филармоние щыкIогъэ зэхахьэр шIукIэ тыгу къинэщт. Лэгъупкъопсыр ошъогум къыщынэфы зыхъукIэ дахэу зэрэщытым фэдэу къэшъуакIохэм пчэгур къагъэшIэтыгъ. Фыжьышъор, плъыжьышъор, уцышъор, нэмыкIхэри жъуагъоу къэнэфыгъэх. Лъэпкъхэм языкIыныгъэ тамэу ратырэм зиушъомбгъугъ. Художественнэ пащэу Мурат Нагиевым, артистхэм тафэраз.

**ЕМТIЫЛЪ Нурбый.**



# ЛъэпкъитIым я къуэ

● Гъащlэ гъуэгу



**«ЦIыхум къикIуну гъащIэ гъуэгур, я нэхъыбэм, нэшэкъашэу, бэнэныгъэ защIэу зэхэлъщ. Спортыр фIыуэ зылъагъухэр яфIэгъэщIэгъуэну зыкIэлъыплъ, щIалэгъуалэм зэрызипсыхь Iэхуитлъэхуит бэнэкIэми иIэжщ езым и щэхухэр. АтIэ, пхуэмыхьын иумыхьэжьэ, епхьэжьамэ - нэхьэс. Тхьэм ирещIи, спортсменыфI ухъуным укъытеувыIэрэ гъащIэм щыуиIэ нэгъуэщI къалэнхэр уигу ибгъэху хъунукъым» - апхуэдэщ и гупсысэр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ, Iэхуитлъэхуит бэнэкIэмкIэ спортым и мастер 80-м нэхъыбэрэ дунейпсо классым и мастер бжыгъэрэ зыгъэхьэзыра Щэнджатэ Хьэзрэт Ержыб и къуэм.**

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС Республикэм и спортым хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа гъэсакIуэ Щэнджатэ Хьэзрэт лъэпкъитIым я къуэу зэрыщытыр нэгъэсауэ къыгуроIуэ - абы и лъынтхуэхэм щызожэ адыгэлъи, къэрэшеилъи.

И анэр - Розэ (Гуащэпагуэ) Хьэбэз къуажэм дэс Щымырзэхэ Ехьярэ Мышыкъурэ (Токовхэ япхъущ) я бынщ. И адэр - Ержыб, яхэтащ 1943 гъэм зи щIыналъэ зыфIагъэкIуэду Курыт Азием ирагъэкIа къэрэшейхэм. Красноармеецу щыткIэрэ, къэрал нагъыщэ, орден зэхуэмыдэхэр къыхуагъэфэщащ. ГъэщIэгъуэнращи, Ержыб и анэм сату ищIэну Тбилиси кIуауэ къэтти, зи жьэгу зрагъэбгынэ и унагъуэм яхэтакъым, къэкIуэжа нэужьщ щрагъэкIар...

Гуащэпагуэ и адэ Ехья - Хьэбэз къуажэм и ефэндыт. Абы къуитI иIэт: Мухьэмэд - Хьэбэз еджапIэм илъэс куэдкIэ щригъэджащ математикэмрэ черченэмкIэ, Щыхьым - Хьэбэз районым и мафIэсгъэункIыфI къулыкъум и унафэщIащ.

КъыщыщIар хуэмыгъэву, Щыхьым и шыпхъу нэхъыжьым кIэлъежьащ, зэрыадыгэр къигъэлъагъуэмэ, къаутIыпщыжынкIэ гугъэри. ИкIи зыщыщ лъэпкъым щыхьэт техъуэн тхылъхэри здишат, ауэ яхэзэгъакъым хьэпсэIутхэм. Щымыхъужыххэм, езыр-езыру къидыгъужыну хьилагъэ хуекIуэри, къаубыдащ, илъэ сищ хьэкъи къытралъхьащ, и натIэ хъуащ Беломор кIэнауэр зыухуэхэм яхэту лэжьэныр.

Ленин и щхьэгъусэ, РСФСР-м егъэджэныгъэмкIэ цIыхубэ комиссарым и къуэдзэ Крупская Надеждэ псэу щIыкIэ къэрал хабзэ къащтат сабий цIынэ къызыхуэхъуауэ хьэпсым ис бзылъхугъэхэр амнистие ящIынуи, абы и фIыгъэкIэ, Гуащэпагуэ и нанур иIыгъыу къаутIыпщыжащ.

Хуит хъужа зэанэзэкъуэм псэун щрагъэжьащ Узбекистаным и Баяут жылагъуэ цIыкIум. Бжьэхуц куэду къызэрыщыкIым щхьэкIэ, а щIыпIэм узбекхэр «Гъаблэ губгъуэкIэ» еджэт. Зэхэзехуэн ящIахэм ящыщу Щэнджатэхэ я гъунэгъуу псэуащ Хъумэрэ къуажэм щыщ ГъукIэмыхъу Кърымрэ Текеевхэ Идрисрэ я унагъуэхэр.

«Зэгуэр, Текеевхэ я куэбжэпэм сыщыджэгуу, пшахъуэм Iуданэшэрхъ къыщыз-гъуэтати, ди анэм хуэсхьащ. Къыздисхар къыщищIэм: «Текеевхэ я Iуданэшэрхъым дэ етщIэн щыIэкъым, кIуэи къыздэпщтам гъэтIылъыж» жери къысщIэгуоуащ. «Шынэ, нэмыс, фIэлIыкIыныгъэ пхэлъыныр псом япэт», - и сабиигъуэр ткIийуэ зэрыщытар игу къегъэкIыж гъэсакIуэм.

Щэнджатэ Хьэзрэт Iэхуитлъэхуит бэнэкIэмкIэ спортым и мастер япэ дыдэу ищIар Лайпанов Исуфщ, етIуанэр - Хъумэрэ щыщ Ещэр Исуфщ. Уеблэмэ 1970 гъэхэм а къуажэм дэт еджапIэм дежи ныбжьыщIэхэр щигъасэу щытащ Хьэзрэт. Нэхъыбэу къыхуэкIуэхэм ящыщт Цагъэхэ, Лыхьхэ, Астэжьхэ я щIалэхэр. Транспорт зиIэр зырызыххэти, зы къуажэм уикIыу нэгъуэщIым укIуэныр абыи апщыгъуэм Iуэху псынщIэтэкъым. ГъэсакIуэр абыи емыплъу, Хъумэрэ лъэсу кIуэ-къэкIуэжурэ лажьэрт. Езым зэрыжиIэжымкIэ, Карачаевск военкоматым и гъунэгъуу щыт спорт еджапIэрати и IуэхущIапIэр, хъумэрэдэс бэнакIуэхэм языныкъуэм и деж зыщагъэсэххэт.

КъШР-м щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ щIыхьыцIэр зыхуагъэфэща куэдым Хьэзрэт и фIыщIэкIэщ спортым япэ лъэбакъуэ зэрыхачар. Абыхэм ящыщщ нобэ и лэжьыгъэ IуэхукIэ къыдэIэпыкъу, щIэблэр къэIэтынымкIэ зы алэрыбгъу къыдэзыгуэш Хубиев Ахъмэт.

«Сыздэпсэу Сторожевой станицэм спорт лIэужьыгъуэу къыщекIуэкIыр топым епха джэгукIэхэрат. Ди адэ-анэм телевизор къызэращэхун ахъшэ яIэтэкъыми, спорт лIэужьыгъуэу хъуам сакIэлъыплъыну слъэкIыртэкъым. Си къуэшым чэнджэщ къызихьэлIащ: «Карачаевск ущеджэну мурад щыпщIакIэ, Щэнджатэ Хьэзрэт бгъэдэхьи, Iуэхуитлъэхуит бэнэкIэмкIэ къыбдэлэжьэну елъэIу». Секцэм зыхэстхэщ, шхэным тэрэзу зестри, илъэси 3 - 4-кIэ спортым и мастер сыхъуащ, пщIэшхуэ зыхуэсщI ди гъэсакIуэм и фIыгъэкIэ. Мастер сызэрыхъуам ахъшэ гуэри къыпэкIуати, ди адэ-анэм зэуэ телевизор къахуэсщэхуащ.

Ди гъэсакIуэм дежкIэ лъэпкъ зэхэдз щыIэкъым. Ноби игъасэхэм яхэтщ адыги, къэрэшеи, абази, нэгъуеи, тыркумэни, таджики. Зыгуэрым зыгуэр хузэфIэмыкIрэ, зэрыдэIэпыкъуным пылъщ, и шхын къызэрищэхун имыIэжрэ - и гум имыдэу, и жыпым ахъшэ кърихынурами, щхьэпэнущ. Псапэ щIэныр и лъым хэтщ.

Мы гъэм спортфакым къыщIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зы адыгэ щIалэ - Темыржанхэ Алан. АтIэ, факультетым щIэсхэр спорт гъащIэм сыт щыгъуи хэтыпхъэщи, Алан зэрыпкъыфIэр къыщыслъагъум, сыущиящ Iэхуитлъэхуит бэнэкIэм зритыну», - къыддэгуэшащ Хубиев Ахъмэт.

КъызэрыщIэкIамкIэ, къуэш республикэм къикIа щIалэр ипэкIи банэу щытащ, ауэ иужькIэ, «ММА» спорт лIэужьыгъуэм зритыжащ.

«Хабзэ зимыIэ, мардэм имыт дэтхэнэ зэуэкIэбэнэкIэри здэкъым. ЦIыхум йоуэ, жьэдоуэ, кIуэцIоухь, джэла нэужь, хьэкIэкхъуэкIэ Iэлу тобанэри, хаукIыхь. СхузэфIэкIатэмэ, «ММА» спортыр зэхуэсщIыжыпэнт. Алан абы хыхьэри фэбжь куэд къыхихащ: и жьэпкъми, и лъакъуэхэми, и дзажэхэми къута иIэщ.

И IэкIуэлъакIуагъым сеплъащ. Егугъумэ, зыхуейр зригъэхъулIэфынущ. ЩIалэр зэтеубыдащ. Иджы, а и IэдэбыфIагъым гъусэ къыхуэхъупхъэ нэгъуэщI цIыхухъу хьэл-щэнхэр спортымкIэ ипсыхьын хуейщ. ЖесIащ зыгуэр къэхъужыкъуэмэ зыкъысхуигъэзэну, щIэгъэкъуэн къыхуэхъуну хьэзыр бэнакIуэхэр ныбжьэгъу къищIыну. ЗыпэщIэхуэнкIэ хъунур ищIэнукъым. Нэхъ шынагъуэ дыдэу щыIэр емыджа-емыпщахэракъым, атIэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ лъэпкъ зэхэгъэжхэращи, сакъмэ нэхъыфIщ», - жеIэ гъэсакIуэм.

Щэнджатэ Хьэзрэт и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм илъэс 30-м щIигъуауэ къыщигъэсэбэпыр езым и методикэщ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, Iэхуитлъэхуит бэнэкIэ закъуэм щIалэгъуалэр етауэ щымыту, шахмат игъэджэгуурэ, я акъылыр ягъэжан, психологие и лъэныкъуэкIэ зэхьэзэхуэхэм нэхъыфIу зыхуагъэхьэзыр. БэнакIуэхэм я Iэхэмрэ лъакъуэхэмрэ быдэ хъун, жьы шапIэхэм пэрыуэгъу ямыIэн папщIэ, футбол егъэджэгу. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, футболым нэхъ хуэщIахэращ зэхьэзэхуэхэм бжьыпэ щызыубыдри.

СССР-м и Ищхьэ Советым и Президиумым и УнафэкIэ, 1957 гъэм къэрэшей лъэпкъыр я щIыналъэ къагъэзэжыну хуит ящIа щхьэкIэ, Гуащэпагуэрэ Хьэзрэтрэ ди хэгъэгум къыщыкIуэжыфар нэхъ иужьыIуэщ. Къыщагъэзэжам, Красногоркэ, Къарт-Джурт къуажэхэм дэса, дунейм ехыжа я Iыхьлыхэм къащIэна хапIэхэр къэралым ей хъуати, зэанэзэкъуэр абдеж щыпсэуну хуиттэкъым.

Аргуэру анэм къыхудэхуат гузэрыдзэ езыгъэщIын, къэзыгъэгухэн щхьэусыгъуэ. И щIалэр къиIэтыну къызэрыпэщылъыр къыгурыIуэрти, и бгыр щIикъузэри, гъащIэщIэ ухуэным хуэпхъэру, Къумыщ къуажэм дэт чырбышыщI заводым Iухьащ. Хьэзрэт - еплIанэ - етхуанэ классхэр къызэриухыу, Щымырзэхэ ишэри къигъэнащ. ИлъэситхукIэ анэшым щыпсэуащ, адыгэбзэр фIыуэ зригъэщIэху...

Щэнджатэ Хьэзрэт Ержыб и къуэр 1951 гъэм мэ-къуауэгъуэм (июным) и 15-м Узбекистаным и Баяут жылагъуэм къыщыхъуащ. Ар Iэхуитлъэхуит бэнэкIэмкIэ СССР-м спортым и мастерщ, УФ-м щIыхь зиIэ и гъэсакIуэщ, Урысейпсо нагъыщэ зиIэ хеящIэщ. Илъэс щэ ныкъуэм нэблэгъауэ гъэсакIуэщ икIи егъэджакIуэщ, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым физкультурэмкIэ и кафедрэм и доцентщ.

**ЛЫХЬ Тимур**.






# «КъэкIуэнур дэращ зэлъытар!»

**Зи гъащIэр зауэ къулыкъум езыпхыу, Хэкур хъумэным зи гуащIэ хуэзыгъэтIылъхэм иджыри къыздэсым гу лъамытэу къекIуэкIа пэтми, абы ябгъэдэлъ зауэ IэщIагъэхэм я мыхьэнэр зыхуэдизыр дызыхуэкIуа зэманым нэрылъагъу ищIащ. Апхуэдэ IэщIагъэ зыбгъэдэлъщ нобэ зи гугъу фхуэтщIыну, зауэ къулыкъум зи гъащIэр езыпха, Али-Бэрдыкъуэ къуажэм щыщ Къэбардэ Арсен Борис и къуэр.**

ЗИ гупсысэрэ зи нэгурэ зэIуха, гуапагъэр къызыбгъэдэкI, щабэу пса-лъэ щIалэр и IэщIагъэкIэ зауэ къулыкъум зэрыпыщIар, ар и гъащIэм и Iыхьэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIынукъым. Арами, и теплъэ щабэмкIэ щIехъумэ зэуапIэм деж къы-зыкъуих лIыгъэмрэ гу быдагъэмрэ.

2006 гъэм Новочеркасск дэт военнэ училищэм зэрыщIыхьэрэ, Арсен и гъащIэр ирипхащ военнэ связист IэщIагъэм. 2009 гъэм контракт къулыкъур щыщIидзащ Абхъаз къэралым. ЩIалэщIэ дыдэу зауэ къулыкъур къыхиха пэтми, нобэми ар хущIегъуэжыркъым зытеува гъуэгуанэм, уеблэмэ щIыхь пылъу абы ирокIуэ.

Арсен 8-нэ классыр къиухауэ, Суворовскэ училищэм военнэ связисту щыщIэмыхьэфым, курыт еджапIэр къиуха нэужь Новочеркасск военнэ училищэм щIыхьауэ щытащ. Ап-хуэдизкIэ а IэщIагъэр щIалэм и плъапIэти, зыIэщIигъэкIакъым. Арами, Суворовскэ училищэм щIэмыхьэфами, зауэ къулыкъум къыщилъэщащ зауэ нагъыщэ нэхъ лъагэ зиIэхэм ящыщ «Суворов и медалыр». Ар Арсен къыхуагъэфэщащ мы гъэм жэпуэгъуэ (октябрь) мазэм.

КъинэмыщIауэ, зауэ Iуэху-гъуэхэр здыщекIуэкI щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щигъэлъэгъуа гуеягъымрэ хахуагъэмрэ къапэкIуащ медаль 14-рэ фIыщIэ, щытхъу тхылъ зэхуэмыдэхэмрэ.

2014 гъэм Къэбардэм къы-хуагъэфэщащ Жуковым и медалыр. Урысейм и мамыр-щIэкъу дзэхэм яхэту къулы-къур щрихьэкIащ Ливием, Сирием, Абхъазым, нэгъуэщI щIыналъэ пхыдзахэми.

2014 гъэм Украинэм къы-щыхъея зауэ зэпэщIэтыны-гъэхэр гъэужьыхыным, мамыр цIыхухэр хъумэным папщIэ Урысейм игъэкIуа дзэхэм яхэтащ Къэбардэри.

- А илъэсыр гъэунэхупIэ схуэхъуащ. Мамыр гъащIэ езыхьэкIхэм, фIыгъуэм нобэ хэпсэухьхэм къагурыIуэкъым абдежым щыпсэу цIыхухэм лажьи хьэкъи ямыIэу илъэс бжыгъэкIэ зыхагъэта хьэзабыр зыхуэдизыр. Ар умылъэгъуауэ зыхэщIэгъуейщ. Урысейм нобэ иригъэкIуэкI спецоперацэр ди къэралымкIи ди цIыхухэмкIи къызэрымыкIуэу Iуэху пэжщ, - и гупсысэхэмкIэ къыддогуашэ къулыкъущIэр.

2010 гъэм Арсен унагъуэ ищIащ. И сабий нэхъыжьыр илъэситI нэхъ мыхъуауэ контракткIэ аргуэру зауэ къулыкъум пищэжащ.

Унагъуэм дежкIэ къызэрымыкIуэу хьэлъэщ щIыпIэ жыжьэхэм, зэуапIэ зэхуэмыдэхэм Арсен зэрыщыIэр. Арами, абы и псэм хуихь IэщIагъэм зэрырилажьэмрэ абы кIуэцIылъ хэкупсагъэр псом япэ зэрыригъэщынумрэ зыми шэч къытрихьэркъым. Жэуаплыгъэ лъагэ иIэу бгъэдэтщ, зэрыцIыкIурэ и плъапIэу щыта зауэ связист IэщIагъэм.

Арсен и жагъуэ хъууэ топсэлъыхь Интернетым деж тхьэусыхэу ит сэлэтхэм. Игу къоуэ зэуапIэ зэхуэмыдэхэм къыщыхута, мобилизацэм хэхуахэм лIыгъэншагъэрэ псалъэмакъ мыхъумыщIэхэмрэ къэзыIэтхэр къазэрыхэкIыр. Абыхэм щхьэкIэ Арсен щхьэихауэ жеIэ зэманым щыхупIэм узэрыщхьэщигъэувэр, ар дэтхэнэми: мамыр гъащIэм щыпсэухэми, зэуапIэхэм щыIэхэми дерс зэрахуэхъур.

- Япэрейуэ зэуапIэм къыщыхута, мамыр гъащIэм къыхашу, хъугъуэфIыгъуэхэм пэIэщIэ хъуахэм ящыщ куэдым къагурыIуэркъым зыхэхуа щытыкIэхэр. АтIэ, апхуэдэ зауэ спецоперацэм ущыхэткIэ, ерыскъы умышха гуэри пшхынщ, мытыншу щIыпIэ зэхуэмыдэхэми ущыжеинщ, щытыкIэ куэдми уиувэнщ, уихуэнущ псы узэфэнур пхъумэным папщIэ зыщумытхьэщIыни, ауэ а псори - дызыгъэунэхущ, ди лIыгъэри дбгъэдэлъ акъылри зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэщ. Мыпхуэдэ щытыкIэ-хэращ дунейм, цIыхугъэм, зэхущытыкIэм, лъагъуныгъэм я уасэр къыщыбгурыIуэр. Мыбдежращ нэгъэсауэ здызыхэпщIэр нэхъыщхьэ къытщыхъуу дыщIэпсэу Iуэху жьгъейхэр зэрымыхьэнэншэ дыдэр. Мыбдежращ къыщыбгурыIуэр мамыр гъащIэр уи быным яхуэпхъумэныр псом нэхърэ зэрынэхъыщхьэр! Хэкур хъумэныр - сэркIэ щIыхьышхуэ зыпылъ къалэнщ! Абы папщIи схузэфIэкI къэзгъэнэнукъым, - щIегъэбыдэж и псалъэхэр Арсен.

Мы щIалэ хахуэм и щIыбагъым къыдэтщ унагъуэ бы-дэ: и анэ Жаннэ, и шыпхъу Заремэ, и щхьэгъусэ Инессэ, зым нэхърэ зыр нэхъ дахэжу и хъыджэбзиплIыр. АтIэ, Арсен иIэщ ихъумэн, и гъащIи и пси щхьэузыхь зыхуищIыфын, фIыуэ илъагъу и унагъуэр.

Дэнэ щIыпIэ зауэ къулыкъу IэщIагъэм хуимыша-ми, сыт хуэдэ гугъумыгъу щытыкIэ имыувами, Арсен ещIэ и унагъуэр къызэрыпэплъэр.

Къэбардэм хэкупсагъэ ин хэлъщ, зыщалъхуа Хэкум пхуемыгъэпцIыжыну хуэпэжщ, хуэщыпкъэщ, и лъэпкъым къэкIуэну дахэ зэриIэм шэч къытрихьэркъым. АтIэ, и Хэкум хуиIэ фIылъагъуныгъэращ Арсен и хьэлым, и лъым хэзыпщар ар имыхъумэ зэрымыхъунур. Апхуэдэ щIалэ хэкупсэхэращ къэралми унагъуэми я шынагъуэншагъэм и хъумакIуэ нэхъыщхьэр. Тхьэм къихъумэхэ!

**АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ**.

Адыгэ хэхэсхэр

# ЧЭТЭО Гунай: «Илъэсыбэхэм сигу исыубытэу щызэIугъэкIагъэхэр стхымэ сшIоигъуагъ»

*Бэ шIагъэу зэдэгущыIэгъу зыдэтшIы тшIойгъо Чэтэо Гунай итхылъыкIэу къыдэкIыгъэри тиушъхьагъоу зыIудгъэкIагъ ыкIи зэдгъашIэмэ тшIойгъо пстэури гъэзетым иеджакIохэм ащIэкIэ теупшIи къедгъэIотагъ. Тэщпае уахътэ къызэрэхигъэкIыгъэм пае тхьауегъэпсэу етэIо.*

ЧЭТЭО Гунай зэщыпхъуишмэ анахьыкIэу 1981-рэ илъэсым адыгэ унагъом къыщыхъугъ. Унагъом игъусэу 1994-рэ илъэсым Адыгэ Республикэм кощыжьыгъэх. «Сэ си гъашIэ гъогу апэу 1864-рэ илъэсым Адыгэхэр Урысие империем Тыркуем зэригъэкощыгъэхэм, етIонэрэуи тиунагъо зыщыпсэущтыгъэ Синоп къалэм и Дурагъан районым и къуаджэу «Черкеслер»-кIэ заджэщтыгъэхэр псычIэгъ хъуи зэрагъэкощыгъэхэм пытэу епхыгъэу сэлъытэ. Кощызэпытыным лъапсэнчъэ тызэришIыгъэм, сятэ иIофымкIэ ренэу типсэупIэхэр зэрэзэблэтхъущтыгъэм, тятэжь пIащэхэмкIэ къащегъэжьагъэу джырэ нэс къэсыгъэ зэку гъэзэжьын гупщысэм сэ си щыIакIэми си цIыф сызэрэзэхэлъыкIэми инэу ифэмэжьымэ къытырихьагъ» ыIогъагъ Чэтэо Гунай зэдэгущыIэгъу горэм. Илъэс 13 ыныбжьэу зыкощыжьыгъэхэ Адыгэ Республикэм илъэс 13 щыпсэуи Тыркуем къыгъэзэжьыгъ.

Урыс тхакIохэу Тургенев, Гоголь, Чехов, Пушкин, Цветаевэ Маринэ ыкIи нэпэмыкIхэм ятхылъхэр тыркубзэкIэ зэзыдзэкIыгъэ Чэтэо Гунай илэпэIэсэныгъэмкIэ ыщытхъу арыгъэIуагъ. Анахьэу Андрей Платоновым и романхэу зэридзэкIыгъэхэр тхылъеджакIомэ ашIогъэшIэгъоны зэрэхъугъэм фэшI «Чевенгур» зыцIэ романым пае 2010-рэ илъэсым «Тыркуем изэдзэкIакIо дэгъу» цIэ лъапIэр къыфагъэшъошагъ.

Мыгъэ ежь ытхыгъэу тхылъ тедзапIэу «Илетишим» къыдигъэкIыгъэ ирассказхэр зыдэт тхылъэу «ЧIыхъумбый гъогухэр» тхылъеджакIомэ ашIогъэшIогъоныгъ. Тхылъым, гъэзет, журнал зэфэшъхьафхэм, дигиталь платформэхэм къыщытегущыIагъэх. РассказипшI хъурэ тхылъым ехьылIагъэу анахь комментарие гъэшIэгъоныри Т 24-рэм ижурналистэу Бжъадыгъ Мурат къышIыгъ. «ТхэкIуакIэмрэ рассказ тхыным кIэу къыхэхъухьагъэмрэ» шъхьэ зыфишIыгъэ тхыгъэм Бжъадыгъ Мурат мыщфэдэ къеIо: «Чэтэо Гунай гъэшIэгъоны зышIырэр ытхырэм илъапсэ ежь къызэрэхэкIырэр, Гоголым иджыбэ къикIыгъэ зэрэпщымыхъурэр ары»- еIо.

**- Уитхылъмэ къыдэхьагъэ уиавтобиографие кIэкIхэм тызыхаплъэм Адыгэ Республикэм шъумыкощыжьэз илъэс 13 хъоу Тыркуем икъэлэ зэфэшъхьафмэ узэращыпсэугъэр къызэдгъэшIагъ. Уисабыйыгъом тIэкIу укъытегущыIэшъуна?**

- Сятэ Iофэу ышIэщтыгъэм елъытыгъэу къалэ чылэ зэфэшъхьафмэ тащыпсэунэу хъугъэ. Сапэ зыпытэкъурэ хьылъэзещэ машинэхэм тарисэу бэрэ тыкощын фае хъущтыгъэ. Арэу щытми сабыйыгъор дэхагъэ. УсакIом «Сабыйыгъор ошъогум фэд, зыми кощырэп» зэриIуагъэм фэдэу сэ сисабыигъори зыдэщытыгъэм щытэу къэнэжьыгъ.

**- Илъэс 13 уиныбжьэу, сабыйыгъомрэ ныбжьыкIэныгъэмрэ язэблэкIыпIэ ныбжьым уитэу Адыгэ хэкум укощыжьыныр уизэхашIэм сыд фэдэу къыхэнагъ?**



- Шъыпкъэр пIощтмэ, Адыгэ хэкум кощыжьыныр ны тыхэмкIи тэрыкIи къиныгъ ау алъэхъаным иаоцIыфхэм къинэу мыкъинэу алъытэщтыгъэхэмрэ джырэхэмрэ зэфэдэхэп. Джырэ лъэхъаным азыкъалэм инэпэмыкI хьаблэ тыкощыщтми «къинэу хъун шъуIуа»? тIоу тыгумэкIэу къыхэкIы. А лъэхъанэм щыIэкIэ-псэукIэр зи псынкIэ зэрэхъун зэрэмылъэкIыщтыр цIыфхэм зэрашIошIыщтыгъэм пае «къиным» имэхьанэр джырэм фэдэу иныгъэп. Тянэ-тятэхэм пае щыIэкIэ псэукIэр, еджэныр, IэнатIэ зэбгъэгъотыныр, ащ дакIоу идэологиеу уилэм уфэбэнэныр зыкIи псынкIагъэп. Сэ синыбжь итымкIи кощыным къиныгъо дэзэкIаехэр къыздихьыгъагъэхэми ныбжьэу сызэритым елъытыгъэу ахэр бэрэу зыхэсшIэштыгъэп. Джырэ уахътэм сызегупщысэжьыкIэ акъиныгъохэр зэрэмыщыIкIу гъэхэр нахь дэгъоу къысгурэIожьы. Хамэм фэдэу сыпсэуным сесэжьын слъэкIыгъэп, щыпкъэр пIощтми хамэм фэдэу псэуныр сикIэсагъэп.

**- Хэхэс адыгэхэм ащыщыбэхэм пае Адыгэ хэкум щыпсэуныр атэжь кIэинэу къыздырэхьакIырэ гухэлъ гупщысэу щытыгъ. Адыгэ хэкум ущыпсэуныр сыдым фэдагъ тIэкIу укъытегущыIэн плъэкIына? Джы Тыркуем узэрэщыпсэурэр тэшIэ. Сыд пае Тыркуем къэбгъэзэжьыгъ? Джыри Адыгэ хэкум бгъэзэжьэу ущыпсэун гухэлъ уиIа?**

- Адыгэ хэкум сызщыпсэугъэ илъэс 13-м сыда сигурихьэнэу щыIагъэхэр апэу ахэм сакъытегущыIэн. Мыекъуапэ къалэр лъэщэу шIу слъэгъущтыгъ, пхъэбгъу шъхьангъупчъэ Iухъохэр зыхэлъ ижъырэ унэхэр, къатыбзэу зэтет унэ Iаехэм агузэгум ит Iагу инышхохэр, унэ зэфэшъхьафхэр, икинохэр, итеатрэр, иконцерт залхэр, ивакзалыр, ипочтэ унэр, иеджапIэхэр, краснооктябрскэ урамым тет шъо зэфэшъхьаф ижъырэ унэхэр, КIэращэ Тембэтым Лениным и саугъэтхэр, пчыхьэ зыхъурэ къалэ пстэуми къыплъыIасырэ чIыгумрэ къэгъагъэмрэ ямэIэшIур, дунаем ащыгъупщэжьыгъэ и чIыпIэ горэм фэдэми ежь ежьырэу тхъагъо зыгъотын зылъэкIырэ къэлэ фантастическэу зэрэщытыр, къэлэ гузэгум псыхъо зэрэблэкIырэр, къэлэдэсхэм дахэу зэрэзафапэрэр щыIакIэр шIу зэралъэгъурэр, икъабыхэр, икъуаер, итыгъэгъазэкIэр, ипивэр, и тхылъеджапIэхэр, еджэн гъэсэнымкIэ иамалышIухэр, тхылъыбэ зэрэщыIэр, ныбжьыкIэхэмрэ студентхэмрэ бэ зэрэдэсхэр, Мэзхэр къалэм зэрэпэблагъэхэр, аужьырэ илъэсхэм къызэIуахыгъэ фабэ икIи рэхьат къафэхэр, Тыркуе, Сирие, Йордание фэдэ къэралыгъохэм къарикIыжьыгъэу мыщ щыпсэурэ цIыф гъэшIэгъонхэр, пчъыхьахэм уэжьэкъышъхьэм тызэрэIусыщтыгъэр, сянэ ипщынэ еуакIэр лъэщэу сикIэсагъэх, иджыри сикIасэх. Тыркуем сыкъызфэкIожьыгъэр сэ сишъхьэ Iофыхэр ары. Джыри Адыгэ хэкум згъэзэжьына ар сIэрэп. Сянэ сятэхэр ащ щэпсэухэмэ сэри ащ сыщыщэу зысэлъытэжьы.

**- Адыгэ Къэралыгъо университетым Урысыбзэмрэ урыс литературэмрэ факультетыр къэууххыгъ. Мыр узкIэхъопсыщтыгъэу щытыгъа, сыд ащ ущеджэнэу зэрэхъугъэр?**

- Шъыпкъэр пIощтмэ, сыкIэхъопсыщтыгъэп. Ежь ежьырэу къэхъугъ. Тхылъ еджэныр сикIэсагъ. Урыс романхэм урысыбзэкIэ седжэмэ сшIоигъуагъ. НэпэмыкI хэгъэгу тызэрэкощыгъэм си еджэн гъэсэныгъэр зэщыкъуагъ. Ащ ыпкъ къикIэуи Iармэуы, гугъуемыхьэ сыхъугъагъ. Урыс литературэр зэрэсикIасэм пае а факультетыр къыхэсхыгъ. Сызщеджэгъэ факультетыми сыкъытегущыIэмэ сшIойыгъу. ШIэныгъэ куу зыIэкIэль кIэлэегъаджэмэ тырагъэджэщтыгъэ. Литературэр шIу сэзгъэлъэгъугъэхэри ахэр ары. Си кIэлэегъаджэхэр шъхьафитэу гупщысэн лъэкIыхэу, яшIошIхэр занкIэу къэзыIон зылъэкIырэ кIэлэегъэджагъэх. Факультет мыинэу щытыгъ. Къалэ цIыкIухэми энергие инышхохэр щызэIукIэхэу мэхъуба, тэ тифакультетыри ащфэдэгорагъ.

**- Урыс литературэм щыщэу тхылъэбэ зэбдзэкIыгъ. Андрей Платоновым и «Чевенгур» романэу зэбдзэкIыгъэм пае 2010-рэ илъэсым Тыркуем и анахь зэдзэкIакIо дэгъу цIэ лъапIэр къыпфагъэшъошагъ. Профессионал щыIэкIэ-псэукIэм уэ узфаерэп ежь зыфаер уегъашIэ. Уэ зэдзэкIын Iофыр сыд фэдэу ебгъэжьагъ. ЗэбдзэкIыщтхэр уэра къыхэзыхыщтыгъэр, «Анахь зэдзэкIэкIо дэгъу» цIэ лъапIэм сыда къепIолIэн плъэкIыщтыр?**

- Мыекъуапэ урысыбзэ щызэзгъэшIагъэ хэтрэ ныбжьыкIи фаеми фэмыеми зэдзэкIын Iофым хэшъагъэ хъущтыгъ. Зыгорэхэм я документхэр зэбдзэкIын, нэпэмыкI къэралмэ къарыкIыжьыгъэ лъэпкъэгъумэ уадэIэпыIэнэу узэрэхъурэм пае зэдзэкIын Iофым уфэгъэзагъэ охъу. Апэу усакIоу Енэмыкъо Мэулытрэ тызэгъусэу Пушкиным иповестыр тыркубзэ тшIыгъагъ. Тыркуем Урыс класикхэм я къыдэгъэкIыным мыхьанэ ин зэрэфашIырэр зысэлъэгъум сэри апэу Урыс классикхэр зэсыдзэкIызэ езгъэжьагъагъ. Мыекъуапэ сыщыпсэузэ апэрэ тхылъыр зэсыдзэкIыгъагъ. КъыкIэлъыкIорэ зэманхэм класикхэм нэпэмыкIэу Урыс литературэм иадрэ романхэри къыдэзгъэкIы зышIогъо тхылъ тедзапIэхэм сафэзагъ. ЗэсыдзэкIыщт тхылъыр сэ къыхэсхэуи тхылъ тедзапIэм къыхихэуи хъугъэ. А лъэхъанэм Урысыбзэ зэдзэкIакIо бащэ щыIагъэп. УиIофыр дэгъоу бгъэцакIэмэ зэбзэкIын пае укъэнэщтыгъэп. Джы зэдзэкIакIохэр нахьыбэ хъугъэми зэбдзэкIын умыгъотынэу щытэп. ЦIэ лъапIэр къызэрэсфагъэщошъагъэри сигуапэ зэрэхъугъэри къэсIон.

**- Тыркуем 19-нэ лIэшIэгъумрэ 20-нэ лIэшIэгъум иапэрэ ныкъом щыIэгъэ урыс тхакIохэр нахь щашIэ. Джырэ урыс тхакIохэм ехьылIагъэу тшIэхэрэр макIэдэд. Джырэ урыс тхакIомэ ащыщэу зытхилъ зэбдзэкIы пшIоигъо щыIа?**

- Джырэ урыс тхакIомэ ащыщэу Владимир Маканиным ироман зэсыдзэкIыгъ. Щыпкъэр пIощтмэ джырэ Урыс тхакIомэ атхыгъэхэри мымакIэу зэрадзэкIых. Зытхылъхэр зэрадзэкIыгъэмэ ащыщхэу Татьяна Толстая, Людмила Улицкая, Людмила Петрушевская, Евгений Водолазкиныр сэ сикIасэхэр арых. Шъори шъуеджэнэу мыхэр къышъосIон слъэкIыщт. Сэри загъорэ «мо тхылъыр зэсдзэкIыгъагъэмэ» сIоу къыхэкIы ау игъо сифэрэп. Сэ зэдзэкIыным есымыгъажьэуи нэпэмык горэм зэридзэкIыгъэу къыхэкIы.

**- Адыгэ хэкум ущыпсэугъ, ущеджагъ. Адыгэ литературэм ущыгъуаза, Адыгэ литературэм ехьылIагъэу сыда къэпIон плъэкIыщтыр?**

- ГухэкI нахь мышIэми Адыгабзэр зэрэзэсымгъэшIошъугъэм фэдэу Адыгэ литературэми сыщыгъуазэп. Къуекъо Налбый и «ЩымыIэжьхэм я сэнабжь» романым сызеджэм лъэщэу сигу рихьыгъагъ. Идунай имыхъожьызэ къэлэ урамхэм мы тхакIо бэлахьыр щыплъэгъуныри дэхагъэ.

**- Тхылъ пчъагъэхэр зызэбдзэкIы къынэужь, уэ птхыгъэ рассказхэр зыдэт «ЧIыхъумбый гъогухэр» къыдэбгъэкIыгъ. Уи тхылъыр еджакIомэ ашIогъэшIогъоныгъ. ЗэдзэкIакIо дэгъоу ашIэрэ Чэтэо Гунай мыщфэдэ сюрприз ышIынэу зыри ежьэщтыгъэп. Тхэным сыдфэдэу ебгъэжьэнэу хъугъэ, рассказыр сыдэщтэу къыхэпхыгъ, джыри рассказхэр къыкIэлъыкIощтха?**

- ЗэдзэкIыныр тхъагъо зыхэлъ литературнэ Iофыгъоу щытми къиныдэдэу щыт. Илъэсыбэхэм сигу исыубытагъэу щызэIугъэкIагъэхэр стхымэ сшIойгъуагъ. Ренэу сытхэу сIозэ зыгорэхэр зэхэсIэлэщтыгъэх. Писмохэр стхыщтыгъэх. 1994-рэ илъэсым Адыгэ хэкум тыкъызэкощыжьым Тыркуем къэнагъэ сипшъэшъэгъу Нэфынрэ нэкIубгъо пшIы пчъагъэ хъурэ писмэхэр зэфэттхыщтыгъ. Ахэм ащыщгорэм нэкIубгъо 80-рэ хъурэ письмор рекордэу дгъэуцугъагъ. Письмохэр, мафэм ихъугъэ-шIагъэу стхыщтыгъэхэр, усэу стхыщтыгъэхэр зэраIоу гухэлъ гъэнэфагъэ горэ симыIэми ренэу сытхэщтыгъ. Рассказ стхыным синыбджэгъу горэмэ сытрагъэгушхуи езгъэжьагъэ хъугъэ. Сыгурихьыгъ ыкIи лъызгъэкIотагъ. Джыри стхыщтми скIэрэп. Сигурихьыгъэу сэIоми шъыпкъэр пIощтмэ рассказ птхыным уахътэ бэдэдэ ехьы ыкIи бэрэу птыхыщтым утегупщысыхьанэу мэхъу. Ащ пае уахътэ къыхэбгъэкIыни, ор орэу аIофым зыфитебгъэпсыхьанэри псынкIэу щытэп.

**- Тхылъым икIышъор тхылъеджакIор зызIэпызыщэрэмэ зыкIэ ащыщ. Тхылъым икIышъом тхылъым дэтымкIэ тхылъеджакIор ригъэгупщысэщт. «ЧIыхъумбый гъогухэм» икIышъори гъэшIэгъоны ыкIи тхылъым цIэу фэхъугъэм екIу. Тхылъым и кIышъор Урыс сурэтышIэу Казимир Малевичым «Унитфым я пейзаж» зыфиIорэ сурэтым къыхэпхыгъ. Ар сыд уззгъэшIыгъэр?**

- Сурэтыр сэры къыхэзыхыгъэр. Урыс авангардэу Казимир Малевичым исурэтхэр сикIасэх. Ситхылъым «чыжьэ», «унэ», «гъогу» зыфэсIуагъэхэр мы сурэтым къыриIотыкIэу сэшIошIы.

**- Дэгъо утхэным, дэгъо зэбдзэкIыным пае дэгъо уеджэн фаеу сэшIошIы. Уэ сыд узаджэрэр, тхэн-зэдзэкIыным пылъыщт ныбжьыкIэмэ сыда япIон плъэкIыщтыр?**

- Щыпкъэр пIощтмэ тхылъэу къыдэкIырэ пэпчъ зэзгъэгъотэу игъом блэсымгъэкIэу сjджэу сIон слъэкIыщтэп. ЗэдзэкIын Iофым бэрэ сызэрэпылъыгъэм сиеджэн Iофыр зэшигъэкъуагъ пIоми хъущт. Джырэ уахътэм кIэсынэгъагъэхэр кIэсыгъоежьыным сыпылъ. Непэрэ мафэхэм тхакIоу Шуле Гюрбуз ироманэу «къаймэтым и пенсионэр» зыфиIорэм седжэ. ТыркубзэкIэ къыдэкIырэ романхэм рассказхэм салъэплъэ. ТхакIоу Айхан Гечгин и романэу «аужырэ лъэбэкъу» зыфиIорэм седжагъ, сигурихьыгъ. Мы тхакIом итхыгъэ пстэуми мы джырэблагъэм седжэ сшIойыгъу. Чеховым ытхыгъэхэри кIэсэджыкIыжьых. ЕвропэмкIэ Грас Палей и рассказхэр, новел къызыратыгъэ Анние Эрнаукс итхыгъэхэр, канада тхакIоу Алисе Мунро сыгу рихьэрэмэ ащыщых. Урыс е нэпэмыкI класикхэри кIэсэджыкIыжьых. Психиатрымрэ психанализымрэ сшIогъэшIэгъоных. Фреудымрэ ащ къынэужьымрэ цIыкIу цIыкIоу зэзгъэшIэным сыпылъ.

ТхакIо, зэдзэкIакIо хъун зышIойгъомэ ясIон слъэкIыщтыр бэрэ тхэнхэу, бэрэу зэрадзэкIынхэу ары. Бэрэу еджэныри зи зышагъэгъупщэ мыхъущтыр ары.

**ХЬЭЖБЭВЫКЪУЭ Чигдэм.**
*Тырку Республикэ*

# ЛІыгъэ щІапІэ лІы икІуадэркъым

● Хэкупсэхэр

**Адыгэхэм ди хабзэ дахэхэм ящыщщ дунейм къытехьа сабийм щыцІыкІу дыдэм къыщыщІэдзауэ гулъытэ хуэщІыныр. «ІэмыщІэм иджэрэзэну пІэрэ?» - жыпІэу узыІуплъэ а цІыкІум хуэгъэзауэ нэхъыжьхэр мэхъуахъуэ: «И адэ-анэр, къызыхэкІа и лъэпкъыр зыгъэпэжын, жылэр зэрыгушхуэн цІыху къыхэкІыну». Алыхьым зэрелъэІу а псалъэхэм купщІэшхуэ яІэщ. ЩІэблэм хуэгъэза а хъуэпсапІэр нахуапІэ зыхуэхъу адэ-анэри ехъулІащ.**



АДЫГЭХЭМ ди мащІэкъым лъэпкъыр зэрыгушхуэхэр, зэрыпагэхэр. Апхуэдэхэм я щапхъэ щыкуэдщ ди тхыдэ блэкІами, щымащІэкъым зэпэщІэувэныгъэ ткІий щытыкІэм къэралыр щит иджырей зэманми. Адыгэ лъэпкъым и бынхэм ящыщ куэдым лІыгъэ яхэлъу зыкъыщагъэлъагъуэ Урысей Федерацэм Донбассыр хъумэнымкІэ Украинэм щригъэкІуэкІ дзэ операцэ хэхам. Апхуэдэ щІалэ хахуэхэм халъытэ и лъэпкъыр имыгъэукІытэу, пщэрылъ къыхуащІ дэтхэнэ къалэнри жэуаплыныгъэ лъагэ пылъу а щІыналъэм щызэфІэзых Шагъыр Залымбэч.

Къулыкъур щрихьэкІ щІыналъэм щекІуэкІ зэхэуэ гуащІэхэм ящыщ зым хэту, сержант нэхъыжь Шагъырым лІыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу зыкъигъэлъэгъуащ. И унафэм щІэт зауэлІхэр щІыгъуу, Залымбэч ихъумэрт урысеидзэм зыщигъэбыда щІыпІэр. Набдзэгубдзаплъэу зи къалэныр езыхьэкІ адыгэ щІалэм гу лъитащ къыпэщІэт дзэхэм я диверсант-тІасхъэщІэх гупу Іэщэкіэ зэщІэузэдам. РадиозэпыщІэныгъэр къигъэсэбэпри, сержант нэхъыжьым абыкІэ хъыбар яригъэщІащ командованием. ДэІэпыкъуэгъу хъунухэр къэсыным емыжьэу, ар и ныбжьэгъу зауэлІхэр и гъусэу, япэщІэуващ зи бжыгъэкІэ нэхъыбэ хъу бийм. ЩытыкІэр къызэрымыкІуэ хъуат, атІэми ди зауэлІхэр къикІуэтыртэкъым. ЗэпэщІэувэныгъэ ткІийм хэту, Шагъырым зэуапІэ губгъуэм крихащ уІэгъэ хьэлъэ хъуа и ныбжьэгъуищ. Ахэр шынагъуэншэ щІыпІэм нихьэсри, и ІэнатІэм пэрыувэжащ Залымбэч. Абдеж къэсащ дэІэпыкъуэгъу хъуа ди зауэлІ гупыр икІи Іуэхур и кІэм нагъэсащ.

Апхуэдэ зэзауэ гуащІэм хэту къигъэлъэгъуа акъылыфІагъым, лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщІэ, апхуэдэуи уІэгъэ хъуа и ныбжьэгъухэр укІыпІэм къызэрырихам щхьэкІэ, УФ-м и Президентым и Указым ипкъ иткІэ, 2022 гъэм и фокІадэм и 1-м адыгэ щІалэм къыхуагъэфэщащ Жуковым и медалыр. А къэрал дамыгъэ лъапІэр зрат хабзэр зи лІыгъэрэ хахуагъэкІэ адрейхэм къахэбелджылыкІа, зи къалэныр и псэ емыблэжу зыгъэзэщІа зауэлІхэращ. Апхуэдэщ адыгэ щІалэ хахуэ Шагъыр Залымбэч.

Ар и япэ къэрал дамыгъэкъым Залымбэч. УФ-м и хьэуадесантыдзэхэм илъэс 15 лъандэрэ къулыкъу щызыщІэ Шагъырым нэхъапэкІэ кърataхэм ящыщщ «ЗауапІэм щызэрихьа лІыгъэм папщІэ», «Хахуагъэм папщІэ», «Дзэ къулыкъум къызэрыщыхэжаныкІам папщІэ» медалхэр, «Хьэуа-десантыдзэхэр зыхэта зауэхэм я ветеран» дамыгъэр, щытхъу, фІыщІэ тхылъхэр. Къэралым и дзэхэр здигъэкІуа «щІыпІэ пщтырхэм» щыІэу, десантник хахуэм къигъэлъэгъуа зэфІэкІ лъагэхэм къапэкІуащ а къэрал гулъытэшхуэр.

КъикІуэт зымыщІэ, нэхъыжьхэм къыхуащІ унафэр и щхьэм япэ изыгъэщ апхуэдэ щІалэущ Залымбэч зэрагъэсар и адэ-анэм. Ахэр Лэскэн районым хыхьэ Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм щыщ зэщхьэгъусэхэу Шагъырхэ Зауррэ Светланэрэщ (ар Къардэнхэ япхъущ). Абыхэм я унагъуэм мызэ-мытІэу къагъэхьащ я къуэ закъуэ Залымбэч къулыкъу щищІэ дзэ частым къикІ фІыщІэ, щытхъу тхылъхэр.

«ПщІэ зыхуэтщІхэу Заур Іэбэч и къуэмрэ Светланэ Тамбий и пхъумрэ! - дыкъыщоджэ апхуэдэ тхыгъэхэм ящыщ зым. - Ди гуапэу хъыбар фыдогъащІэ фи къуэ, зауэлІ-десантник Шагъыр Залымбэч Заур и къуэм дзэ къулыкъур екІуу, някъуcаныгъэншэу зэрырихьэкІымкІэ, абыкІи щытхъу, фІыщІэ куэд зэрыхуэфащэмкІэ икІи къызэрихьымкІэ. Дзэм къулыкъу зэрыщищІэ зэманым кърибубыдэу, Залымбэч зыкъигъэлъэгъуащ и пщэрылъхэр гъэзэщІэным жэуаплыныгъэр зыхищІэу, пэжу пэрыт сэлэту. Дзыхь къэрагъэза ІэнатІэм пщІэ щызиІэ, къулыкъу къыдэзыщІэхэм щапхъэ яхуэхъу Залымбэч дзэм епха ІэщІагъэр къызыхуэтыншэу, някъусаныгъэншэу къищтащ икІи къикІуэт имыщІэу и къалэнхэр ирехьэкІ, лъэпощхьэпохэмрэ гугъуехьхэмрэ къамыгъэдзыхэу. Зауррэ Светланэрэ фи къуэ Залымбэч дзэ къулыкъур адэкІи щІыхьрэ пщІэрэ пылъу зэрырихьэкІынур быдэу си фІэщ мэхъу.

*ПщІэ къывхуэзыщІ, дзэ частым и командир».*

Адыгэ щІалэщІэм хужаІэ псалъэ гуапэхэм, къыхуащІа къэрал гулъытэ лъагэм, дауи, гукъыдэжышхуэ къарет адэ-анэм. Абыхэм зэрыжаІэмкІэ, Залымбэч зэрысабийрэ жыІэщІэу, гууз-лыуз иІэу, цІыху щабэу, апхуэдэуи жану къэхъуащ. Спортым, техникэм дахьэхыу къэхъуа щІалэм фІы дыдэу къиухащ къуажэм дэт курыт школыр, иужькІэ и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Псыхуабэ щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым.

Нэхъыжьхэм ягъуэта дэрэжэгъуэм зыкІи пебдзых хъунукъым Залымбэч и анэкъилъху Заринэ (ар Мэсейхэ я нысэщ) и дэлъху закъуэм папщІэ и гум щыщІэ гурыщІэхэри. Абыхэм я гъусэу Залымбэч и ехъулІэныгъэхэм ирогушхуэ Шагъырхэ я нысэ цІыкІу Нини, унагъуэщІэм къащІэувэ я къуэ цІыкІухэу Сэлимрэ Самиррэ, япхъу цІыкІу Эмелинэ сымэ. ЩІалэ цІыкІухэм щапхъэ яхуохъу я адэр, ахэри хуейщ абы ещхьу Хэкум и къыщхьэжакІуэ нэс хъуну.

И Іыхьлыхэм, благъэхэм мы зэманым япэжыжьэми, адыгэ лъэпкъ напэр сакъыу зыхъумэ, къэралым хуэщІапхъэ къалэн мытыншыр хабзэрэ нэмысрэ хэлъу, екІуу зэфІэзых Шагъыр Залымбэч дохъуэхъу и къулыкъур узыншэу крихьэлІэну, щалъхуа щІыналъэм и лъэр угъурлыгъэкІэ щытригъэувэжыну, нобэ хуэдэу и цІэр фІыкІэ къаІэту куэдрэ псэуну. И нэхъыжьхэр, лъэпкъыр зэрыгушхуэн, зэрыпэгэн адыгэлІ нэс къыхэкІащи, адэкІи и Іуэхухэр ефІэкІуэну ди гуапэщ.

Хэкум къулыкъу пэж хуэзыщІэ ди щІалэ псори Алыхьым къытхуихъумэ. «ЛІыгъэ щІапІэ лІы икІуадэркъым», - жиІащ адыгэм. А щІалэхэр зыпхыкІ лъэпощхьэпохэмрэ зэрахьэ лІыгъэмрэ щІэблэхэм ящыгъупщэнукъым. Апхуэдэхэращ ныбжьыщІэхэм щапхъэу, гъащІэ гъуазэу хуагъэлъагъуэхэр.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# ЩІэныгъэм и нэхур

● Пэрытхэр

**Хабзэ хъуауэ, ди къэралым гъэ къэс щокІуэкІ «Илъэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» къэралпсо зэпеуэр. Едгъэжьэж 2022 гъэми Урысей Федерацэм къыщызэрагъэпэщащ икІи къызыхуэтыншэу щрагъэкІуэкІащ а зэпеуэ цІэрыІуэр. УФ-м и Президентым, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэм, ЕгъэджакІуэхэм я къэралпсо профсоюз зэгухьэныгъэм, «Учительская газета»-м и редакцэм я нэІэм щІэт а Іуэхугъуэр къызэрыхалъхьэрэ илъэс 33-рэ ирокъу. Зэпеуэм и фІыгъэкІэ егъэджакІуэм и пщІэр жылагъуэм нэхъри къыщыІэта мэхъу, школым и лэжьакІуэ нэхъыфІхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІхэм куэд щыгъуазэ хуохъу, езы егъэджакІуэхэри зэдогуашэ я Іуэху зехьэкІэ пэрытхэмкІэ.**

ЗЭПЕУЭМ, ди гуапэ зэрыхъущи, утыкум кърешэ фІыхэм я фІыж егъэджакІуэхэр, гъэсакІуэхэр, унэтІакІуэхэр. Мыгъэрей апхуэдэ зэхьэзэхуэм кърибубыдэу зи цІэфІыр зэхэтхахэм ящыщщ Хьэжкъасым Иринэ. Ар Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Сэрмакъ къуажэм дэт курыт школ №1-м щолажьэ, тхыдэмрэ обществознаниемрэ щригъэджу. Іуэху зехьэкІэ пэрыт зыбгъэдэлъ Иринэ япэщІыкІэ хэтащ я щІыпІэм щекІуэкІа апхуэдэ зэхьэзэхуэм. Абы кърибубыдэу егъэджакІуэхэм ягъэзэщІащ зыпэрыт ІэнатІэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэщІэзыубыдэ лэжьыгъэхэр. Апхуэдэхэт, къэбгъэлъагъуэмэ, дерс зэІуха тыныр, методикэ семинарым жыджэру хэтыныр, класс сыхьэт купщІафІэ икІи гукъинэ сабий гупым ядегъэкІуэкІыныр, ябгъэдэлъ ІэзагъымкІэ адрейхэм щадэгуашэ мастер-класс гъэлъэгъуэныр, щылажьэ школымрэ и Іуэху зехьэкІэм нэхъыщхьэу хэлъымрэ ятеухуа псалъэ купщІафІэ утыкум щагъэІуныр.

Дзэлыкъуэ щІыналъэм щекІуэкІа а зэпеуэм егъэджакІуи 7 хэтати, дэтхэнэри хущІэкъуащ и ІэщІагъэмкІэ бгъэдэлъ Іэзагъыр, дерсхэм хилъхьэ щІэщыгъуагъыр, абыхэм къыщигъэсэбэп иджырей техникэмрэ технологие пэрытхэмрэ къигъэлъэгъуэну. Зэпеуэм и къэпщытакІуэхэм апхуэдэу гулъытэ хуащІащ егъэджакІуэм и бзэм и шэрыуагъым, абы и цІыху хэтыкІэмрэ зыІыгъыкІэмрэ.

А псори къызыхуэтыншэу зэфІихащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ІэщІагъэм и щэху куэдым щыгъуазэ, Іуэху бгъэдыхьэкІэфІ зыбгъэдэлъ лэжьакІуэ гумызагъэ Хьэжкъасым Иринэ. ЩІыпІэ зэхьэзэхуэм и къэпщытакІуэ гупым ар къилъытащ Дзэлыкъуэ щІыналъэм и егъэджакІуэ нэхъыфІу. Аращ районым и щІыхьыр егъэджакІуэхэм я республикэпсо зэпеуэм щызыхъумари.

Хьэжкъасымыр жыджэру хэтащ «ЕгъэджакІуэ-2022» щІыналъэпсо зэпеуэу ди республикэм и егъэджакІуэ нэхъыфІ 13 къызрихьэлІам. Хэтам и мызакъуэу, ехъулІэныгъэфІ зыІэригъэхьащ: Хьэжкъасым Иринэ хъуащ егъэджакІуэхэм я къэралпсо зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэм и лауреат.

- «Илъэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» зэпеуэр ар уи ІэщІагъэмкІэ убгъэдэлъ Іэзагъыр къыщупщытэж, лэжьыгъэм творческэ и лъэныкъуэкІэ зэрызебгъэужьыф, апхуэдэ щІыкІэкІэ ныбжьыщІэхэр щІэныгъэм зэрыдебгъэхьэхыф Іэмалхэр хэІущІыІу щыпхуэщІ утыкушхуэщ. Къинэмыщ Іауэ, хуабжьу сэбэпщ адрейхэми ябгъэдэлъ Іэзагъхэм уакІэлъыплъыныр. Си насыпым къихьри, пашэ сыщыхъуащ сыщылажьэ щІыпІэм, ехъулІэныгъэ къыщысхьыфащ республикэпсо утыкуми. Дапщэщи зыхэсщІащ си лэжьэгъухэр, си еджакІуэ цІыкІухэр, абыхэм я адэ-анэхэр гурэ псэкІэ къызэрыскъуэтар, - жеІэ Иринэ. - Іуэху зехьэкІэ пэрыт куэдым дыщрихьэлІа а зэпеуэр си дежкІэ хъуащ си ІэщІагъэмкІэ збгъэдэлъ Іэзагъым нэхъри хэзыгъэхъуа, сыту жыпІэмэ абы куэдым гу лъыуегъатэ, ухуеущий, щІэныгъэщІэхэм я къигъэхъуапІэ мэхъу. ЖыпІэнурамэ, «Илъэсым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» зэпеуэр ар зэхьэзэхуэм и гъунапкъэм икІарэ творчествэ зыхэлъ, щІэныгъэр зи лъабжьэ педагогикэ Іэзагъ лъагэм и фестивалышхуэ жыпхъэм иува Іуэхугъуэу къызолъытэ сэ.




А псори шэч къызытумыхьэнщ, итІани, Иринэ здынэса лъагапІэри зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэфІхэри езырезыру къэкІуакъым. Абыхэм лъабжьэ быдэ яхуэхъуащ иджыри сабийуэ Иринэ тхыдэ щІэныгъэм гу зэрыхуищІар, а унэтІыныгъэмкІэ тхылъ куэд щІиджыкІыу, и гупсысэмрэ зэхэщІыкІымрэ зригъэужь зэпыту къызэрекІуэкІар. А псоми гъусэ яхуэхъужащ фІыуэ илъэгъуа ІэщІагъэмкІэ зригъэгъуэта щІэныгъэ нэхъыщхьэр, зыпэрыува ІэнатІэмкІэ зыхищІэ жэуаплыныгъэр, и нэІэм щІэту щІэныгъэм и гъуэгу бгъуэшхуэм тришэ ныбжьыщІэхэм яхуиІэ лъагъуныгъэ къабзэр.

Иринэ зэрыжиІэмкІэ, дерсхэр иту школым къыдэкІыжами, абдеж щиухыркъым егъэджакІуэм и лэжьыгъэр. Абы игуми и псэми сыт щыгъуи хэлъщ и ІэщІагъэм, иригъаджэ сабийхэм, пщэдейрей дерсыщІэм, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ІэнатІэм епха нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэди. Илъэси 10-м щІигъуауэ щІэблэм щІэныгъэ нэху яхуэзыхь егъэджакІуэ гумызагъэр хущІокъу ныбжьыщІэхэм я зэхэщІыкІым, къэухьым зригъэужьыным, щІэныгъэ куу ябгъэдилъхьэным. Нэхъыщхьэращи, егъэджакІуэ Іэзэр, гъэсакІуэ ІэкІуэлъакІуэр йолІалІэ сабиипсэр хъумэным, абы и гупсысэхэр нэхугъэм, гуапагъэм, пэжыгъэм хуэгъэпсыным. Аращ абы къызыхуриджэр школакІуэхэм я щІэныгъэ зэгухьэныгъэу езыр зи пашэм, «КъэкІуэнум хуач лъэбакъуэ» зыфІащам, къекІуалІэ школакІуэхэри. А гупжьейм щригъэкІуэкІ лэжьыгъэр Хьэжкъасымым хуеунэтІ ныбжьыщІэхэр республикэпсо, урысейпсо щІэныгъэ конференцхэм, семинархэм хуэгъэхьэзырыным, иригъэдж предметхэмкІэ олимпиадэхэм ехъулІэныгъэкІэ хэтыфыным.

Апхуэдэу и ІэнатІэр хьэлэлу ирехьэкІ зэфІэкІ лъагэ зиІэ, щэн екІурэ гупсысэ шэщІарэ зыбгъэдэлъ, щІэныгъэм и нэхур щІэблэм яхуэзыхь Хьэжкъасым Иринэ. НыбжьыщІэхэм я дуней еплъыкІэр зыубзыху, я къэухьымрэ зэхэщІыкІымрэ хэзыгъахъуэ апхуэдэ лэжьакІуэ гумызагъэхэм фІыщІэшхуэ ябгъэдэлъщ лъэпкъ зыужьыныгъэмрэ жылагъуэ зыузэщІыныгъэмрэ адэкІи егъэфІэкІуэнымкІэ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Къэбэрдей-Балъкъэрым и псыкъелъэхэр


Шэджэм


Джэдмыших


Терскол


«Хъыджэбз щхьэц»


Азау


Кызылкол-Су

**Зыплъыхьак1уэхэр зыIэпишэу ди щIыналъэм щIыпIэ кIуэд иIэщ. Абыхэм ящыщщ псыкъелъэхэри.**

## Шэджэм

Шэджэм аузым щыIэ псыкъелъэхэр республикэм и мызакъуэу, щIыпIэ куэдым къыщацIыху. Гъэмахуи щIымахуи абы цIыху куэд йокIуалIэ. Псыр къызэлъэ бгым метр 60 нэблагъэ и лъагагъщ. Гъэмахуэм бгы джабэ нэкIухэм жыгхэри, чыцэхэри, удз гъэгъахэри къыщокI. Абдежым бзу цIыкIухэм уэрэд къурашымрэ псым и макъымрэ дахэу щызэщIожьыуэ. ЩIымахуэм псыр мэщтри, мылыр къеблэблэхыу мэхъу, бгыр умылъагъужу.

## Джэдмыших

Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Хьэбэз къуажэм километр 11-кIэ пэжыжьэу щыIэщ дахэм и дахэж Джэдмыших псыкъелъэр. Ар метр 60-м нэблагъэкIэ бгым къох. Абы ущеплъкIэ къыпщохъу къырми жыгхэми жьауэшхуэу къащхьэщыту. Псом хуэмыдэу дыгъэпс махуэм уеплъыну гухэхъуэщ. Псым ткIуэпс зэбгриутхыкIхэм лэгъупыкъу зыбжанэ къагъэхъу. ЩIымахуэм абы пищIэ мылпыжьышхуэхэр макъышхуэ ящIу аузым дохуэ. Уефэ хъуну псынэпс къабзэщ ар. ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, абы куэду хэлъщ гъущI, калий, марганец, магний.

Псыкъелъэм Николай II и зэманым гу лъатауэ щытащ. Джэдмыших къурашу бжьамийкIэ Нартсанэ псы яшэну я гугъащ, ауэ япэ дунейпсо зауэр къэхъейри яхузэфIэкIакъым. Абы иужькIэ 2007 гъэм псыр къалэхэм, къуажэхэм яшэн мурад ящIри, 2009 гъэм псыкъелъэм екIуалIэ гъуэгу яухуауэ щытащ.

## Терскол

Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ псыкъелъэ нэхъ дахэ дыдэр Терсколщ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Терскол аузым удэту уздэкIуэм, псыкъелъэм ухуозэ, ауэ адэкIэ кIуапIэ имыIэу къэбгъэзэжу укъыдэкIыжын хуейщ. Псыкъелъэр Терскол къуажэм километри 5-кIэ пэжыжьэщ. КъущхьэхъуI хъупIэхэм ухэту тыншу укIуэурэ, псыкъелъэм гъунэгъу ущыхуэхъум, джабэ задэм удэкIын хуей мэхъури, гъуэгу теува псори нэмысыфу къагъэзэж. Псыкъелъэм зэбгъузэнатIэу уIуоплъэ, метр 12 и бгъуагъщ, метр 20 и лъагагъщ.

## «Хъыджэбз щхьэц»

Терскол пэмыжыжьэу ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ иIэщ «Хъыджэбз щхьэцкIэ» зэджэ псыкъелъэр. Абы ущеплъкIэ занщIэу уи нэгу къыщIыхьэр бгырыс хъыджэбзым и щхьэцышхуэ утIыпщарщ.

Гара-Баши псыр Iуащхьэмахуэ и мылылъэ 23-м ящыщ зым къыщIож. Ар метр 25-рэ зи лъагагъ бгым къожэх. Псыкъелъэм и бгъуагъщ метр 14 - 15. Абы пэгъунэгъуу ущыщытым деж гъунапкъэншэу къыпщохъу. Псым апхуэдизкIэ макъышхуэ ещIри, цIыхуитI щызэпсалъэкIэ, зым жиIэр адрейм зэхихыркъым. Зыплъыхьак1уэ къэзыкIухьхэм яIуатэ мы къуршыпс къабзэм щыщ Iубыгъуит1-щы пщIымэ, къару къыпхилъхьэжу.

## Азау

Метр 30 зи лъагагъ Азау псыкъелъэри Iуащхьэмахуэ мылылъэм къыщIэж псынэм къыхож. Азау тафэм щегъэжьауэ псей мэзхэмкIэ лъэсу укIуэцIрыкIмэ, дакъикъэ 20 - 25-кIэ унэсынущ. А псыкъелъэр Куржы гъунапкъэхэм пэгъунэгъущ.

## Джилы-Су щIыпIэм

Джилы-Су и Iэгъуэблагъэм зыр зым емыщхьу, дэтхэнэ зыми и дахагъэм узыIэпишэу псыкъелъэу тху иIэщ: Кызылкол-Су, СулътIан, Эмир, Гитчекоян-Су, Каракая-Су. Ахэр псори зэгъунэгъущи, зы махуэм лъэсу къыпхузэхэкIухьынущ.

СулътIан псыкъелъэр Iуащхьэмахуэ и Ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ иIэ мылылъэм къыщIож, иужькIэ псыр ауз зэвым долъадэ, метри 4 зи лъагагъ бгым къожэхри, Балъкъ псым хохуэж. Абы пэгъунэгъущ Кызылкол-Су псыкъелъэри. Ар бгъуэнщIагъ кIыфIым щIэт бгы джабэм къожэх. Гъунэгъуу убгъэдыхьэну шынагъуэщ. Псыр уэру джабэм лъэмыIэсу, макъышхуэ щIэту къожэх.

Эмир псыкъелъэр апхуэдэу инкъым. Ари Балъкъ псым холъэдэж, Сирх бгым къожэхри.

Иджыри Гитчекоян-Су псыкъелъэм ущрихьэлIэнущ «тхьэмщIыгъу» зи фIэщыгъэ псы хущхъуэм ухуэзышэ лъагъуэм утету уздэкIуэм.

Джилы-Су уэхым щыIэ псыкъелъэ нэхъ ин дыдэр Iэуэлъауэшхуэ зиIэ Каракая-Сущ. ФIыцIэ кусэ зиIэ бгы плъыжьыфэгъуэжьыфэм псыр къожэх. Сыт хуэдэ зэманми мы псыкъелъэр дахэщ, уардэщ. ЩIымахуэм мылпыж цIыкIу зэхуэмыдэхэр пещIэ. Гъэмахуэм псы ткIуэпсхэр куэду зэбгриутхыкIыу, метр 30 зи лъагагъ бгым къожэх. Псыкъелъэм и теплъэр гукъинэщ. Гъунэгъуу псыкъелъэм сурэт тепхыну икъукIэ гугъущ, сурэттехым и нэкIур занщIэу псыIэ мэхъури. Гъэмахуэм Каракая-Су псыр гъуабжэ-гъуэжьыфэу щытщ, ятIагъуэ, мывэ цIыкIухэр хэлъщ. Абы къыхэкIыу псыкъелъэм и гъунэгъуу щыт удзхэм, жыгхэм я тхьэмпэхэм сабэ трихьауэ щытщ.

## Байдаевхэ я щIыхькIэ

Байдаевкэ пасэрей къуажэм километр 86-кIэ пэжыжьэщ а псыкъелъэр. Абы псыкъехуэх зыбжанэ иIэщ. Псори зэхэту метри 150-рэ мэхъу. Абы гъуэгугъэлъагъуэ уимыгъусэу укIуэфынукъым. Къуажэбгъум къыщыщIэдзауэ псыкъелъэм нэс лъэсу укIуэн хуейщ, къущхьэхъу хъупIэхэм ублэкIыу. КIуэ пэтми гъуэгур нэхъ гугъу, джабэр нэхъ задэ хъууэрэ макIуэ.

Псыкъелъэр икъукIэ дахэщ. Гъэмахуэм псым и хуабагъыр градуси 7 - 8 фIэкIа мыхъуми, зыплъыхьакIуэхэм зыщагъэпскI. ЩIымахуэм абы кIуэну цIыху куэд тегушхуэркъым.

## Абай-Су

Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Булунгу къуажэм километри 9-кIэ пэжыжьэу Абай-Су псыкъелъэр щыIэщ. Ар метр 78-кIэ бгым къожэх. Лермонтов Михаил и «Ди зэманым и лIыхъужь» тхыгъэм хэт шэрджэс щIалэ Къазбэч зыщигъэпщкIуар мы псыкъелъэм и Iэгъуэблагъэрауэ хуагъэфащэ.

ЩIымахуэм псыкъелъэм и щIагъыр мэщтри, псы къежэхыр мылым къыхэщIыкIа тепщэчым илъадэ хуэдэщ.

## Тызыл-Су

Тызыл аузым псыкъелъэ куэд ущрохьэлIэ. Абыхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэ дыдэр Тызыл-Су псыкъелъэрщ. Ар бгым метри 100-кIэ къох. Бгым къежэх псы уэрым и къарур метр 50-м и ужькIэ нэхъ кIащхъэ мэхъу икIи сабэм хуэдэу жьым зэбгрех, ихъуреягъыр игъэщIыIэтыIэу.

**БИЦУ Жаннэ.**


СулътIан


Эмир


Джилы-Су


Байдаевкэ


Абай-Су


Тызыл-Су

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.748 • Заказыр №2577

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А